www.assalam.ru
www.islamdag.ru
assalamweb@gmail.com
12+

# АС-САЛАМ

НА АВАРСКОМ ЯЗЫКЕ
ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ БУСУРБАБАЗУЛ РУХIИЯБ ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ГАЗЕТА

ЦIОБ ГIАТIИДАВ, ГУРХIУЛЕВ АЛЛАГЪАСУЛ ﷻ ЦIАРАЛДАЛЪУН!

Цена свободная

Рабиг1ул ахир 1438 с. Газета бахъизе байбихьана 1994 с. № 1 (461) / 1 январь 2017 с.


## КIулал кIочарал

Хириял бусурбаби, гIемерисеб нилъ кантIи бихьараб жоялдаса букIунелъул, дие бокьун буго диего цIакъ асар гьабураб ва нилъер гIумруялъул мисаллъунги бугеб лъабго гIолохъанчиясул ккараб къиса бицине.

МУХIАММАД МУХIИДИНОВ,

ЧIАРАДА РАЙОН, РУЛДАБ РОСУ



Лъабго гIолохъанчи вукIанила улка бахун къватIире хIалтIизе рахъун. Гьениб гьезул чIолеб бакI букIанила 75 тIала бугеб гостиницаялда. Ахирисеб тIалаялда гурони чIобогояб рукъги батичIого, гьез 75 тIалаялда ккунила рукъ.

Гостиницаялъул хIалтIухъанас гьезда абуна: «Нижер гьаниб нужер улкаялда гIадаб низам гьечIо. Нижер гостиницаялда лифтазул нуцIби къала къаси анцIго тIубарабго ва радал щуго тIубазегIан рагьуларо, ай рогьинегIан гьел хIалтIуларо. Гьединлъидал, нуж кватIичIого рачIа рокъоре, гьел къан хадуб тIокIалъ рагьизе рес букIунаро. ЛъикI бугин гьел гIолохъабазги абунила.

ТIоцебесеб къоялъ гIолохъаби къватIире рахъана жидерго ишалъ ва анцIго тIубалалде нахъги руссана. КIиабилеб къоялъги гьел гьединго нахъруссунел рукIана, амма нухда машинаби гIемерлъун, щуго минуталъ кватIун щвана. Гьез гостиницаялъул хIалтIухъабазда гьарана лифт хIалтIизе биччайин. ПалхIасил гьел мурадалде щвечIо ва лъелго рахине ккана 75 тIалаялде.

Гьезул цояс абуна рачIайин чIалгIинчIого букIине щивас 25 тIала бахинегIан къиса бицинейилан. Гьедин гьабуни нилъеда захIмалъи лъазе гьечIин. Цогидалги гьесда тIад рекъана ва тIоцевесес абуна: «Дица нужее бицина нужер чахьал унтизарулел, нуж релъанхъизарулел къисаби ва харбал», - абун. Цогидаз абуна: «ЛъикI буго. Гьеб буго нижее къваригIараб жоги, бице», - ян. Цинги цIакъ кепалда, лъазего лъачIого гьез нахъа тана 25 тIала.

Гьанже ирга щвана кIиабилесде. Гьес абуна: «Дица нужее рицина пайда бугел, пикру гьабизе тIамулел къисаби ва харбал», - ян. Гьез абуна: «ЛъикI буго, бице», - ян ва гьединал къисаби-харбал рицунаго гьез нахъа тана жеги 25 тIала. Лъабабилесде ирга щведал, гьес абуна: «Дидани пашманал гурони къисаби лъаларо», - абун. Цогидаз абуна: «Рице. Гьезухъги гIенеккун свакан рукIаго нилъ щвела рокъоре ва макьуги бергьун кьижизе рахина», - ян. Гьанже гьас байбихьана бицине ва гьедин рукIаго дагь-дагьккун гьал щвана ахирисеб тIалаялде. Рукъалъул нуцIида аскIоре щолеб мехалъ гьал рукIана цIакъ свакан, кеп гьечIого. Гьеб мехалъ, «Гьанже дица бицина ахирисеб ва бищунго пашманаб къиса», - янги абун, гьес бицана:

⏩ 3

### Къуръаналда рехсараб кIкIара

Стамбулалда тIобитIараб тIолгодунялалъулаб конференциялда, Къуръаналда ва хIадисалда ругел гIелмиял гIаламатазул бицунелъул, биологиял гIелмабазул профессор, рахунел унтабазул институталъул директор, «Ал-Азгьар» университеталда хIалтIулев вугев МустIафа Ибрагьим ХIасаница бицана Къуръаналда бугеб, **«ХIакълъунго, Аллагь нахъчIваларо жинца мисал бачун кIкIара рехсеялдаса, гьелдаса кIудияб яги гьитIинаб жо рехсеялдаса»** ***(«Бакъарат», 26 аят)*** аяталъул магIнаялъул хIакъалъулъ. Гьеб аяталда жаниб бугеб «нахъчIваларо» абураб рагIиялъул магIна ккола кIкIара камилаб букIиналъ ТIадегIанав Аллагь нечоларин гьелъул мисал бачун жиндир ХIалкIолъи ва Къуват бихьизабизейин аби. Нилъеда гьитIинаб ва гIадатияб жолъун кIкIара бихьаниги, хIакъикъаталда, пикру гьабизе мустахIикъаблъун гьеб бати ТIадегIанав Аллагьасул ﷻ каламалдасан буго. Ракьалда тIад кIкIурбузул 3000-ялдаса цIикIкIун тайпаби руго. Гьеб аяталда жаниб гIажаибал жал гIунги тIокIалги руго.

ГЬУМ. 6

## РабигIул аввалалъулгун къо-лъикI гьаби

РабигIул аввал моцI бачIин, нилъехъе Авараг ﷺ вачIарав гIадинаб жо буго. Гьев вачIунев вуго нилъеца Гьесул хIакъалъулъ цIикIкIун лъазабизе букIине. Нилъеца цогидал моцIазда жаниб лъазабуларо Аварагасул ﷺ хIакъалъулъ ва кIварги кьоларо гьеб моцIалда жаниб кьураб гIадин.

ШАМИЛ МУХIАММАДОВ,

БУЙНАКСК РАЙОН, ХIАБЩИБ РОСУ



ТIубараб моцIалъго бусурбабаз хIаракат бахъула гьеб тIобитIизе ва кIодо гьабизе. Гьеб гIицIго Аварагасул ﷺ жиндирго баракат букIина. Гьеб моцI бачIиндал кин нилъ рохуларел жиндир вацал ругин Аварагас ﷺ нилъедехун хитIаб гьабидал. Цо нухалъ Аварагас ﷺ асхIабзабаздехун вуссун абула: «Дие бокьилаан дирго вацал рихьизе. АскIор рукIарал асхIабзабаз гьикъула: «Ниж кколарищ дуе вацал?» - ян. Аварагас ﷺ жаваб гьабула: «Нуж дир асхIабзаби ккола, дир вацал ккола дида иман лъурал ва дун жидеда вихьичIел чагIи». Гьедин нилъехъ урхъун вуго Авараг ﷺ нилъги урхъизе ккела гьесухъ.

РабигIул аввал чIобого биччан тарасул ракI бухIизе ккела. Гьеб кIодо гьабурасги хадуб бачIунеб мехалъ жеги лъикI гьабизе хIаракат бахъизе ккела. Лъеберго къо щолеб буго нилъее Авараггун цадахъ рукIине ва гьесдехун рокьи цIикIкIинабизе. Гьедин гьеб щай букIунареб ГIумар-асхIабас абуралъулха Абу-Бакар-асхIаб вукIаравгIадин авараггун цадахъ лъабго-сордо къоялъ дица цо гьединаб сагIат базе Авараггун цадахъ кьелаан дунялалда бугеб щинабжо.

⏩ 3

### Россиялъул шагьаразда - мавлидал



ГЬУМ. 4

### Чара гьеч1еб лъай кьолеб колледж



ГЬУМ. 6

### РитIухълъиялда тIамураб гIумру



ГЬУМ. 7

### Эбелалъ жиндие гIумру кьурав



ГЬУМ. 9

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# Диниял вакилзабазул ва низам цIунулезул дандчIвай

Гъединаб дандеруссин букIана Хасавюрт районалъул ОВДялда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул имам Ражаб Ханмирзаевасги.



«Нуж руго кутакалда захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи гьабулел чагIи. Амма кинаб иш, хIалтIи гьабулеб бугониги бусурбанчиясда тIадаб буго гьеб ракIбацIцIадго, намусалда рекъон гьабизе. Гьеб кIочене тезе бегьуларо. КIочене бегьуларо кидаго нилъехъ валагьун БетIергьан вукIунеблъиги. Нилъеда тIадаб буго БетIергьанас тIадкъанщинаб гьабизе. Аллагьас нужее киназего гьабулеб лъикIаб ишалъулъ тавпикъ кьеги, Дагъистаналда парахалъи ва роцIцIараб ахIвал-хIал букIинабизе къуватги кьеги», - ян кIалъана районалъул имам.

Дандельиялда кIалъана диниял хIаракатчагIи, полициялъул хIалтIухъаби, районалъул администрациялъул вакилзаби. Киназго загьир гьабуна Дагъистаналда парахатаб хIал букIинабиялъе щивас хIаракат бахъизе кколин абураб пикру.

# «Харамейн» бан бахъунеб буго



СагIудиязул ГIарабиялда бан рагIалде бахъунеб буго 10 километралъул халалъиялда «Харамейн» абун цIар кьураб маххул нух. Гьелъул кIудияб кумек ккезе буго кIиябго хирияб шагьаралда гьоркьоб бухьен къокъ ва щула гьабиялъе.

Гьеб проекталъул нухмалъулев Бассам Гулямзаявица лъазабуна Маккаялъул рахъалдасан анкьго километр нухлул лъугIун бугин ва Мадинаялъулгун Жиддаялъул рахъалдасан гьарулел хIалтIабиги рагIалде рахъунел ругин.

«Байбихьудаго цIияб маххул нухдасан поездалъул кумекалдалъун сагIаталда жаниб къваригIел тIубазе рес буго 11 400–12 400 чиясул», - ян абуна гьес.

Маххул нух тIубанго лъугIидал сагIаталда жаниб Жиддаялдаса Маккаялде поездазда рекIун хьвадизе рес ккезе буго 19100 чиясул ва Мадинаялдаса Маккаялде - 3800 чиясул.

# «ВатIаналъ» цогидазухъе кьела

Цо кинаб бугониги лъикIаб иш гьабулелъул гIемерав чиясул гIахьаллъи бугони, хIакъаб жо, хIасил пайдаяб кколеблъи. Гьеле гьединаб лъикIаб иш гьабулеб буго «ВатIан» радиостанциялъул коллективалъ.




«Дун къайимчи» абураб проекталда гIахьаллъиги гьабулаго, радиоялъул коллективалъ мисал бихьизабулеб буго гурхIелрахIмуялъулаб кумек гьабиялъулъ. Щивав хIалтIухъанас 500-1000 гъурущ кьолеб буго «Инсан» фондалде, гьезги - бесдал лъималазе. Жакъа 500-1000 гъурущ батIаго гIемераб гIарац гуро. Амма щивав чияс гьеб кьуни, гьелъул гIела саламатаб къадар ва кIудияб кумек ккела цо хъизаналъегIаги.

Гьединлъидал, гьединаб кумек гьабизелъун, гьеб лъикIаб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе бегьула бокьараб хIалтIул коллективалъ. «ВатIаналъулазги» киналго ахIулел руго жидедаса мисал босизе.

# Кочубеялда – цIияб мажгит

Тарумовка районалъул Кочубей поселокалда хIалтIизе байбихьана цIияб мажгиталъ. Аллагьасул рукъ рагьиялъул рохалилаб мажлисги тIобитIана гьениб гьал къоязда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъулго бусурбабаз, районалъул имам АхIмадрасул Качалаевас, Кочубей поселокалъул имам Сулейман СалихIовас, бегавул Мухулов ГьитIиномухIаммадица. Мажгит рагьана хирияб Къуръанги цIалулаго ва дугIа гьабулаго. Хадуб гIалимзабаз бицана мажгитазул бугеб кIваралъул, гьел раялда гIахьаллъи гьабуразе бугеб кириялъул. Аварагасул ﷺ хирияб хIадисалдаги бугелълуха: «ХIанчIил бусенгIанасебцин мажгит барав чиясе БетIергьанас алжаналда рукъ базе буго», - ян.



# «Экстремизм хIажат гьечIо»

Гъединаб ахIиялда гьоркь ЦIумада районалъул Агъвали росулъ тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасги.

Экстремизмалдегун терроризмалде данде къеркьезе ккеялъул бицун кIалъана ДРялъул муфтияталъул ЦIумада районалда бугеб лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Шамил ХIажиев, районалъул бетIерасул заместитель МухIаммадрасул Гагиев, районалъул прокурор Иляс Вакилов ва батIи-батIиял идарабазулгун гIуцIабазул нухмалъулел.



Шамил ХIажиевас бицана гьеб рахъалъ районалъул гIадамазда гьоркьоб гьабулеб бугеб бичIчIикьеялъулаб хIалтIул ва гьелъ кьолеб бугеб хIасилалъул.

«Цо-цояз цIакъ хIаракат бахъула терроризм диналда бухьинабизе. ХIакъикъаталдайин абуни, исламияб диналъулги гьеб балагьалъулги кинаб бугониги хурхенго гьечIо. Гьеб буго цо хасал мурадазе гIоло бицунеб хабарги, аслияб куцалда, гьебги бицуна исламалъулгун дагьаб къададаралданиги лъай-хъвайго гьечIез. Исламияб диналъ щивав чи ахIула лъикIлъиялде, цоцазе кумек гьабиялде. Гьединлъидал терроризмгун экстремизм нилъее хIажатаб жо гуро», - ян бихьизабуна Ш. ХIажиевас.

# Къуръан цIалун чIчIел босана

Карачаево-Черкесиялда тIобитIараб Къуръан цIалиялъул рахъалъ къецазда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналдаса вакилзабазги. Гьединго, къецазда гIахьаллъи гьабизе гьеб республикаялде рачIун рукIана Чачаналдаса, Кабардино-Балкариялдаса, Ингушетиялдаса, Ставрополь краялдаса, Калмикиялдаса ва Адигеялдаса гIахьалчагIи. ПалхIасил, щибаб республикаялдаса вукIана гьединалго къецазда жиде-жидер регионалда лъикIал хIасилал рихьизарурав лъаб-лъаб чи.




Къец тIобитIана лъабго бутIаялдеги бикьун: «ХIифз» - рекIехъе Къуръан цIали, «Къираат» - берцинго, пасихIго цIали ва рекIехъе 30 жуз цIали.

Къецалъул хIасил гьабидал баянлъана рекIехъе 30 жуз цIалиялъул бутIаялда тIоцебесеб ва лъабабилеб бакIал Дагъистаналдаса МухIаммад Мирзоевас ва Амир МухIаммадовас ккураллъи.

**Учредитель**
Благотворительный фонд «Путь»
Газета печатается с согласования и одобрения Духовного управления мусульман Дагестана

**Редакциялъул совет**
АхIмад-хIажи ГIАБДУЛАЕВ
ХIабиб-хIажи МАМАТХАНОВ
Магьди-хIажи МУТАГIИЛОВ

**БетIерав редактор**
ГIазиз МИЧИГИШЕВ

**Редактор**
ГIабдуллагь-хIажи МУХIАММАДОВ

**Жавабияв секретарь**
МухтарахIмад МУХIАММАДОВ

**Мухбир**
Исрапил МУХIУМАЕВ

**Компьютеральул гIуцIи**
ГIиса ГIУМАРОВ
МухIаммад МУХIИДИНОВ

**Литературияв редактор**
ХIабиб МУХIАММАДОВ

**Менеджер**
ГIабдулсабир АХIМАДОВ

При перепечатке ссылка обязательна
Газета набрана и сверстана на компьютерной базе «Ас-салам»
Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций.
Свидетельство о регистрации ПИ № ФС 77-42079 от 24 сентября 2010 г. Индекс 51329.
**Тираж 21 000 экз.** Заказ №27

Отпечатано в филиале ГУП МО «КТ» «Мытищинская типография» по адресу: 141009, Московская область, г. Мытищи, ул. Колонцова, 17/2.
Сдано в печать (факт) 5 января 2017 г. в 18:30
(график) 5 января 2017 г. в 18:30
**Адрес редакции и издателя:**
367015 РД, г. Махачкала,
ул. Ярагского, 128
Телефон: +7-928-530-59-70.
**E-mail:** assalamweb@gmail.com, **web:** www.assalam.ru

Макъалабазда рехсарал хIужжабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола

РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## Огь, замана, замана

Щибго халлъичIого унел соналги руго, хисулеб дунялги буго. Амма нилъер ракIал бахIарго хутIулел руго, соназе мукIурлъизе бокьулеб гьечIо. Жеги гIолохъанго вугин гIадамаз абидал, дунял цIураб месед щваралдасаги рохулел руго. ТIаде балагьун дагьал сонал кьунин абун, арал сагIтал нахъе кьурулев чи гьечIелъулги рохел букIин хIикмат буго.

ГIАБДУЛЛАГЬ-ХIАЖИ МУХIАММАДОВ
«АС-САЛАМАЛЪУЛ» РЕДАКТОР

Бихьинал, руччаби батIалъи гьечIого, киназго хIаракат бахъула жидерго ригь гьитIин гьабизелъун гIолохъабазул гIадаб ретIел ретIизе, гьумер-куц, операциял гьарун, хисизаризе. Гьелдаса кIудияб ахIмакълъиги, гIадада хвезабулеб боцIиги ракьалда батиги щакаб буго.

Гьавураб къо кIодо гьабиги тIадаб ишгIадин бихьулеб буго. Гьелде тIадеги, раччизе кIоларел мунагьалги гьарун араб заманалдалъун сухIмат гьаби кинаб гIакълу кколеб? Хирияв аварагас ﷺ щибаб итни къоялъ кIал ккеялъе хIикмат щибин асхIабзабаз цIехедал, хирияс ﷺ абуна: «Гьеб буго дун гьавураб къо», - абун.

Гьаниб бицинчIого гIоларо сон сверидал исламалъул нухлъун кколарел цо-цояз гьарулел жалазулги. Загьир гьабула рохел. Гьелъул гIаксалда, тIубараб соналъ риччарал гьалатIаздаса гIодизе, кварилъизе рекъараб буго нилъее. Ккарал мунагьаздаса тавбу гьабизе рекъарабги буго.

БатIияб диналъул гIадамаз цIияб соналъул сухIмат гьабунин абун, гьезда нилъеца щибго абиларо. Амма гьездаса мисалги босун, гьезухъего хIазе лъугьин исламалда беццараб иш гуро. Рохел загьир гьабизе бокьани, исламалда руго кигIанги байрамал, цохIо рохел загьир гьабиялъухъ гIемераб кири-даража щолеб. ХIакъикъаталдаги гьеб буго кIудияб давла, босизе лъачIони, чIорого хутIилаха.

Григорианил календаралда рекъон, сон лъугIараб мех букIин хIисабалдеги босун, хIисаб гьабила араб гIумруялъул. Нилъерго хьвада-чIвадиялъул, тIабигIат-гIамалъул. Мекъаблъун бихьараб рахъ битIизабиялда тIад хIалтIила. Хасго хасалил заман буго гIибадаталъе, гIелму цIалиялъе сордо кIудияб, санагIатаб мех. Муъминчиясул хур бачIараб заманин абула хасалида.

КигIан бугониги гIолареб жо буго исламияб лъай. Гьеб гьечIев беццав чиясда релълъинавуни, мекъиги ккеларо. Канлъи гьечIев чиясе кигIан захIмат букIунеб дунялалда гIумру гьабизе, хIисаб гьабеха. Гьеб анцIигогIан, жеги цIикIкIунги кварилъи букIуна гIелму гьечIолъиялъ. Щибаб къойил щущIул балеб как тIубан камил гьабун лъазабун бажарулареб нилъеда цоги жоялъул щиб бицинеб? Амма мукъсанго баралъул кириги гьединабго пайда гьечIеб бугони, нилъер чара холаха. ХIисаб гьабе, куталда къоги бихьун, гIетIулъ вецIцIулаго тIубараб моцIалъ яги соналъ хIалтIун ахиралда дур хIалтIи хвараб жо бугин яги мекъи гьабун бугин абун мухь щвечIого, ялъуни дагьа-макъал шагьаби кьун тани, кинаб хIал букIинеб инсанасул. Гьелъул хIасил гурищ жагьиллъи. Гьесул, камилго гьеб хIалтIи тIубазе лъай букIарабани, гьедин ккелаандай? Гьебго мисал буго нилъер гIибадаталъулги.

Аллагьас ﷻ кумек гьабеги!

# РабигIул аввалалъулгун къо-лъикI гьаби

1 « ЦIикIкIун Аварагасул ﷺ хIакъалъулъ лъазе кинабго кIвар кьолеб букIана асхIабзабаз. Жакъа къоялъ аварагасул гIумру лъазабизе, гьесдехун рокьи цIикIкIинабизе нилъехъе щун ругел ресал рукIаго лъазабулеб гьечIони, нилъее щиб гIузру букIинеб ахираталда? Гьеб къо нилъеца кIодо гьабилареб кин, живго Аварагас ﷺ гьабураб къо кIодо гьабун бугелъул. Аварагасда ﷺ гьикъидал итни къоялъул хIакъалъулъ кIал ккеялъул, гьес жаваб кьола: «Гьеб къоялъ дун гьавуна ва гьеб къоялъ дихъе вахIю рещтIана», - ян.

Гьеб хирияб моцI бачIараб гIадин къо-лъикI гьабун хехго унебги буго. Гьеб ккела Аварагﷺ нахъе унев вугин абураб гIадаб жо.

Я, Бичасул аварагﷺ, дур баракаталъ ва баракат щвараб моцIалда жаниб дур гIумруялъул цIалун нижеда мун цIикIкIун лъалев вукIана ва вокьулевги вукIана. Даимго дудехун рокьи цIикIкIунеб гьечIониги, бугеб рокьи цIунунгIаги хутIулеб букIана. Гьедин гьабичIони ракIазда кьагIу чIвазе бугелъулха. РабигIул аввал ахиралде щолеб бугелъул, пашманлъани гурони рохел загьирлъулеб гьечIо. Хирияб моцI индал, Мун унев вугелъулха сапаралъ, Бичасул Расул. Мун цIидасан нижехъе гIагарлъизегIан чIезе кколел руго анцIила цо моцIалъ. Гьанже рукIина ниж, Бичасул Расул, моцIал ва къоял рикIкIунел, Дуца кIодо гьабураб къо кIодо гьабизе букIине ва Мунги кIодо гьавизе. Дуца гьеб кIодо гьабураб гIадин нижеца гьеб жеги цIакъго кIодо гьабизе рекъарал рукIинарищ? Аллагьас ﷻ Мун нижехъе витIаралъулха гIаламалъулго рахIматлъун. Къуръаналда ТIадегIанав Аллагьас ﷻ абуна: «Дица Мун витIичIо гIаламалъе рахIматлъун гурони». (Сура Анбияъ, аят 107).




Гьанже къо-лъикI гьабун сапаралъ бахъунеб буго РабигIул аввал моцI. РикIкIадасан дунги гьелда хадуб валагьулев вуго, сапаралде чи вахъунаго гьесда хадуб балагьулеб гIадин. Кваралъ ишанги гьабун, мун нижеца тIобитIила ва нахъеги мун бачIинегIан балагьунги чIела.

# КIулал кIочарал

1 « «Нилъеда рукъалъул кIулал кIочана гостиницаялъул хIалтIухъанасда аскIоб, тIоцебесеб тIалаялда», - ян. Цинги гьеб хабар лъайдал кутакаб свакаялъ ва пашманлъиялъ гьел кIотун ккана.

ХIакъикъаталдаги балагьани гьал гIолохъабазе ккараб лъугьа-бахьин релълъун буго нилъер гIумруялда. Гьез толел тIалаял релълъун руго нилъер гIумруялъул соназда.

Нилъер гIадат буго гIумруялъул байбихьуда 25 сон ихтилат-кепалда тIобитIулеб. Гьел сонал ккола тIагIат-гIибадат гьабизе ва ахираталда батулеб жоялъе хIалтIизаризе гIумруялъул бищунго лъикIаб заман. Кинниги, нилъеда ккола хадуб гьабизеги рес бугин. БетIергьанас хIадисул къудсиялда абулеб буго: «Я, Адамил лъимер, мун дурго гIолохъанлъиялда божуге. Чан гIолохъанчи вугев жинда тIаде тохлъукьего хвел бачIунев».

Цинги 25 сонидаса 50 сон базегIан, нилъее бокьаниги, тIоцебесеб 25 соналъ букIараб гIадинаб рес букIунаро ахираталъе гIамал гьабизе. Щайгурелъул, нилъеца гьабула хьизан ва гьезул ургъел, магIишат гьабулаго уна гьеб 25 сонги. 50 сон тIубаралдаса гьев вукIуна лъимал рукъалде русинариялъул ургъалида. Гьесулъ раккула унтаби ва больницалде хьвадулаго, дараби росун гьел хIалтIизарулаго уна гьеб 25 сонги. Ахиралда, хвел тIаде щведал, гьесда ракIалде щола бищунго кваригIарал – Алжаналъул кIулал кIочон ругеблъи. Гьев чIового, пашманлъун, ракIбухIун щола БетIергьанасда цеве. Гьабураб-тарадда пашманлъун, жиндие букIине бугеб гIазабги бихьун, гьес абула: «Гьанже дун дунялалде тIадвуссине гьавулевани лъикIаб гIамал гьабулездаса вукIинаан», - абун. Гьеб мехалда гьесие жаваб гьабула БетIергьанас ﷻ Хирияб Къуръаналда абухъе:

«(بَلَىٰ قَدْ جَاءَتْكَ آيَاتِي فَكَذَّبْتَ بِهَا وَاسْتَكْبَرْتَ وَكُنتَ مِنَ الْكَافِرِينَ) (سورة الزمر) 59 آية»

МагIна: «Киса (дуе нахъвуссин гьечIо), духъе Дир расул вачIана, хIакъаб каламги бачIана. Дуца гьеб гьереси гьабуна, Дида иман лъезеги чIухIана. Мун вукIана хIакъаб диналда жидеца инкар ккурал гIадамазасан», - абун.

Нилъер рукъ чанабилеб тIалаялда бугебали лъаларелъул, рачIа бусурбаби, байбихьудасаго мухIкан гьабун, нилъеда ратулел гIамалал гьарун, нилъее ахираталда кваригIарал кIулалги росун хьвадизе.



## ЖужахI тIадаб гIамал

Гьереси бицин буго бищун къабихIал мунагьаздасан ва инсанасул гIайибазул вахIшилъиялдасан цояб. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ нилъеде амру гьабулеб буго гьерсидаса цIуни гьабеян. Щибго гуреб дунялалъул ишазе гIоло гьереси бицунелги камуларо, хасго кIудияб мунагьлъун ккола гьересиялдалъун даран-базар ва цогидаб иш гьабулаго кIиго чиясда гьоркьоб бицараб. ХIакъикъияв бусурманчияс кидаго битIараб бицине ккола кигIан жиндие хайир гьечIеб бугониги. ИсмагIил ибну ВаситIица абуна: «Авараг ﷺ накълулъун хадуб, дида Абубакар-асхIабас бицунеб рагIана цо нухалъ аварагас ﷺ абунин: «Нужеца гьереси бициналдаса цIуни гьабе, гьеб къосарал чагIигун цадахъ букIуна, гьеб кIиябгоги жужахIалъулъ буго», - ян. Абу-Умаматица бицараб цоги хIадисалда буго: «Гьереси нифакъалъул бутIаялдасан цо бутIа буго», - ян.

МУХIАММАДГIАРИФ КЪУРБАНОВ,
ШАМИЛ РАЙОН, ХIОРОДА РОСУ

ГIабдуллагь ибну Жаррадица аварагасда ﷺ цо нухалъ цIехон буго: «Я Аллагьасул ﷻ расул ﷺ, муъминчияс зина гьабулищ», - абун. Аварагас ﷺ абуна: «Цо-цо лъугьуна», - ян. Нахъеги цIехана ГIабдуллагьица: «Гьереси бицунищ муъминчияс», - абун. Аварагас ﷺ абуна бицунарин ва гьелдаго нахърегIизабун Аллагьасул ﷻ гьаб

«إنما يفترى الكذب الذين لا يؤمنون بأيات الله»

рагIиги абуна (магIна): «Гьереси бицуна Аллагьасул ﷻ аятазде иман лъоларел чагIаз», - ян. Аварагас ﷺ жиндир дугIаялъулъги абулаан: «Я дир Аллагь ﷻ, Дуца дир ракI нифакъалдаса, гIаврат зинаялдаса ва мацI гьересиялдаса бацIцIад гьабе», - ян. Малик ибну Динарица абуна: «Цояб нахъе инегIан, гьереси ва ритIухълъи ракIалда жаниб цоцадехун рагъ гьабулеб букIуна», - ян. Бухарияс бицараб хIадисалда буго: «Цо нухалъ макьилъ дида бихьана дихъе цояв вачIарав гIадин, гьес диде «ТIаде вахъа», - ян абуна, дун гьевгун тIаде вахъана, гьеб мехалъ дун вугоан кIиго чиясда аскIов, гьезул цояв вугоан вахъун чIун, цогияв гIодов чIун. Вахъун чIарасул кодоб бугоан маххул гьабураб газалъ бакулеб алат, гIодов чIарасул кIалдиса гIодобе гьажалде щвезегIан къазабулеб, цинги нахъеги цIан, цогияб рахъалдехунги гьебго куцалда къазабулеб. Дун тIаде вахъине гьавурасдехун дица абуна: «Гьаб щиб?» - абун. Гьес абуна: «Гьав вуго гьерсихъан, къиямасеб къоялде щвезегIан жиндие хабалъ гIазаб гьабулев», - абун.

Инсанасул калам буго мурадлъун бугеб жоялде нух. Кинаб бугониги лъикIаб мурадалде нухлъун букIине бегьула гьересиябги битIарабги калам. Гьересияб калам абуни гьелъулъ хIарамаб букIуна, амма къасдлъун бугеб жоги хIалалаб батани, гьересиялдалъун гурони нух бачине ресги батичIони, гьеб мехалда гьереси бицин хIалалаб букIуна. Къасдлъун бугеб жо, бусурманчиясул би цIуниялда релълъун тIадаб батани, гьереси бицинги тIадаб букIуна. Гьединлъидал руго цоцо бакIал жиделъ гьереси бицине рухса кьурал. Гьелде тIоритIел гьабула Умму-Кулсумица бицараб: «Дида рагIана Аллагьасул ﷻ расулас ﷺ абулеб: «Лъабго бакIалда гурони гьереси бицине рухса кьоларо», - ян. Гьездасан ккола: «Бицунеб рагIиялдасан бусурбабазда ялъуни кIиго халкъалда гьоркьоб маслахIат гьабиги бокьун кIалъалев, рагъул майданалда тушманасда тIад бергьенлъи босизелъун кIалъалев. Щайгурелъул, рагъ буго хIиллаялда тIад гIуцIараб ва рос-лъадиялъ цоцазда гьоркьоб маслахIат, цоцазул разилъи букIинелъун бицунеб», - ян. Бухарияс бицараб цоги хIадисалда буго: «КIиго чиясда гьоркьоб маслахIат гьабизелъун гьересиялдалъун лъикIаб рагIи бицарав яги мацI гьабурав чи гьерсихъан кколаро», - ян. Гьаб лъабабго бакI буго хIарамаб букIиналда гьорлъа бахъараб.

# ГIелму тIалаб гьабулаго араб гIумру

Имам ан-Насаи ккола хIадис-гIелмуялъул имам, исламалъул шайих. Гьесул цIар ккола АхIмад бин ЩугIайб бин ГIали бин Санан бин БахIр бин Динар Ал-Хурасани Ан-Насаи. Наса абураб шагьар ккола Хурасаналда бугеб.

ШАМИЛ МУХIАММАДОВ,
БУЙНАКСК РАЙОН, ХIАБЩИБ РОСУ



Имам Насаи гьавуна Наса абураб бакIалда, 215 гьижрияб соналъ. Гьесул тIокIцIар ккола Абу ГIабдуррахIман. Гьес гIелму тIалаб гьабизе байбихьана гьитIинаб къоялдасаго. Гьев уна Къутайбат бин СагIидихъе гIелму тIалаб гьабизелъун 15 сон бараб мехалъ ва гьесда аскIоб бала лъагIелгун кIиго моцI. 682 риваят щола гьесухъе, гьесдасан гьел рехсонги руго «Сунану Сугъраялда». ГIелму тIалаб гьабизе щола Хорасаналде, ХIижазалде, Египеталде, ГIиракъалде, Бусраялде, Куфаялде, Багъдадалде, Жазиратaлде, Шамалде, Къазвиналде, Сагъуралде. Египеталда гIумру гьабун чIола ва гьениб чанго сон бала. Зигьабияс абуна: «Гьев вукIана жиндир цIакъ хIурмат гьабулев чи». Ибну Касирица абуна: «Гьесул берцинаб гьумер релълъун букIана рекIараб чирахъалда». ГIабдуррахIман ХIафизица абуна: «МухIаммад бин Музфир Х!афизица абулеб букIана жинда рагIанин шайихзабаздасан Египеталда имамлъи гьабизе гьев тIамулев вукIанин». Хорасаналда рукIарал гьесул мугIалимзаби ккола: Къутайбат бин СагIид, ГIали бин Хашрам, ГIали бин ХIажар. Бусраялъул мугIалимзаби: ГIаббас бин ГIабдулгIазим, МухIаммад бин Масна, МухIаммад бин Бишар, ГIамр бин ГIали. Египеталъул мугIалимзаби: Юнус бин ГIабдулагIла, АхIмад бин ГIабдуррахIман, Лайс бин СагIд ва цогидалги. Багъдадалда рукIарал мугIалимзаби: МухIаммад бин ИсхIакъ Сагъани, ГIаббас бин МухIаммад, АхIмад бин МанигI ва цогидалги. ХIафиз Зигьабияс жиндирго таржамалда, «Сайру агIламу Набаъ» тIехьалда рехсана гьесул рукIарал мугIалимзабазул къадар ва гьебги бахана 70 мугIалимасде. Гьесул «Сунану Сугъраялда» рицарал риваяталда 334 шайих вуго ва «Сунану Кубраялда» 114 шайих вуго цере рехсарал гьоркьор гьечIого. Гьел киналго данде гьаруни 450 мугIалимасде бахунеб буго. ГIалимзабаз гьесие кIудияб рецц гьабуна. Къасим МатIразияс абуна: «Гьев имам вукIана яги имамлъун вукIине мустахIикъав чи вукIана», - абун. Абу ГIали ХIасан бин ГIали вукIана,ункъо имам хутIун, жинда рихьаразул имамзаби рехсолев ва тIоцебе байбихьана Имам Насаи рехсезе. ДаракъутIниясда гьикъун буго Насаис ва ибну Хузайматица хIадис бицараб мехалъ кинал гьезул цере гьарулелин. Гьес жаваб кьун буго имам Насаи цеве гьавулин. Гьесда релълъарав чи гьечIо ва гьесдаса цеве кколевги гьечIо. ВарагIалде гьесде вахаравги гьечIо. Гьесул «Сунануялъул» хIакъалъулъ Муарих ГIабдулкарим РафигIияс абуна: «Гьелда жаниб буго гьесул гIелмуялъул ракьан, тартибалда ва къокъго гьеб бицине тIахьазде». Къасим бин Юсуфица абуна: «Сунану» ккола машгьурал ва къучIал хIадисазул цояб. Гьев тIадегIанлъана гьеб тIехь гIуцIиялдалъун ва гьенир рехсарал иснадалъул чагIи руго рацIцIадал. Тижабияс рехсана ГIали ХIасан бин Ахзариясдасан, гьес абунин: «Дида Авараг ﷺ макьилъ вихьана ва Гьесда цере рукIана гIемерал тIахьал. Гьезул цояб букIана имам Насаисул тIехь». Аварагас ﷺ абуна дида: «Мун киве унев вугев?» - ян. Хадуб Аварагас ﷺ тIагьараталъул бицунеб фаслу бегула имам Насаиясе бугеб. Хадуб Абу ГIали ХIасаница абула жиндир рекIелъе хIинкъи бачIанин. Гьесул гIакъида букIана Агьлу суннат вал жамагIаталда рекъараб. Ибну Мубаракасда гьикъулеб буго цо пуланав чияс абулеб бугони 14 аят ТIагьаялъул бижараб бугин, гьев капурлъулин. Ибну Мубаракица абула гьеб битIараб бугин. Гьебго жаваб кьола имам Насаиясги. Гьал нилъехъе накълу гьарун рачIараз бицуна гьесул бацIцIадаб гIакъида букIин ва гьединго агьлу-сунназалъул ва гьелъул имамзабазул рагIи кколеб букIин. Гьединаздасан ккола ГIабдуЛлагь ибн Мубаракги. Гьес гIемерал тIахъал хъвана, амма бищун цебетIураб ккола «Сунану Насаи».

Ибну Касирица абуна: «Гьес гIемерал хIадисазул тIахьал хъвана». Гьездасан ккола «Ихвату вал-ахават», «Асами шуюхигьи», «Асмау валкунна», «Тафсирул къуръанул карим – Сунанул кубра», «Тамйиз», «Жузъу мин хIадиси гIан ннабийи», «Сунану Сагъир», «ТIабакъат» ва цогидалги. Гьесул рукIана гIемерал цIалдохъаби. Абу АхIмад ГIабдуЛлагь бин ГIади Журжани, Абу хIатим МухIаммад бин ХIиббан, Абу ЖагIфар МухIаммад бин ГIамру бажари». Гьелъ бицуна ахIкамал рахъиялъулъ кинаб бербалагьи гьесул букIарабали Гьес хъварал тIахьазеги гIалимзабаз рецц-бакъ гьабуна. ХIакимица жиндир хIадисалъул тIехьалда хъван буго: «Гьесул «Сунан» тIехьалде балагьарав чи хIайранлъула берцинаб калам бихьун». ХIафиз Абу ЯгIла Халилица «Иршад» тIехьалда тIасан абуна: «Гьесул тIехь данде къала Бухари, Муслим ва Абу Давудил ва цогидалги. Гьединго гьесул цIалдохъабаздасан рукIана гьесул тIахьазда хъвараб бицунелги. «Сунану Сугъра» бицана АхIмад бин МухIаммад бин ИсхIакъица. Египеталда гIумру индал гIелмуялда, гIибадаталда, жигьадалда, гIумруялъул ахиралда гьев гочуна Дамаскъалде. Насаи накълулъана Палестинаялда, итни къоялъ, 303-абилеб гьижриялъ соналъ.



# Чара гъечIеб лъай кьолеб колледж

«СагIид-афандил цIаралда бугеб гьабзаманалъулаб лъай кьолеб колледж» ккола профессионалияб лъай кьолеб цIалул идара.

Гьелъул учредитель ккола: СагIид-афандил цIаралда бугеб Дагъистаналъул теологиялъул институт.

Юридикияб адрес: 368152, Дагъистан Республика, Казбек район, Дубки поселок, кв.1, тел. 8 988 772 94 34, e-mail: dubkikolledg@mail.ru.

Колледжалъул буго 2014 соналъул 7 августалда ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ кьураб гьоркьохъеб профессионалияб лъай кьеялъе изну кьолеб №7555 лицензия.

ГIумруялде рахъинарула гьадинал махщелазда рекъонккколел программаби: **380201 «Экономика ва бухгалтеразул хIисаб» (бутIабазда рекъон); 400201 «Социалияб рахъалъ хьезариялъе ихтияр ва гIуцIи»; 440202 «Байбихьул классазе дарсал кьей»; 490201 «Физическияб культура».**

Жакъа гIадинаб захIматаб, кинабго рахъалъан бичча-бихьантей бугеб заманалда чара гъечIого хIажат буго культуриябгун патриотикияб ва рухIиябгун тIабигIатал куцаялъул мурадалда гIолилазе тарбия кьезе. Гьединлъидал нилъер жамгIияталъе жакъа хIажат руго лъайги гIакълуги ва гьелдаго цадахъ берцинаб хьвада-чIвадиялъул, адабалда куцарал гIолилал. Законалда нахърилъарал, жидерго иш лъалел, ВатIаналде унго-унгояб рокьи бугел гIолилал куцай, гьезие лъикIаб лъайги тарбияги кьей ккола колледжалъул аслияб масъала. Гьеле гьединаб мурадгун хIалтIиялъ хIасил кьолеблъиялда ракIчIарабги буго. Щайгурелъул, адабалда цоцадехун гьабулеб бербалагьиги бугони, нилъерго тарихги, динги, культураги лъазе хIаракатги бахъани, лъазеги гьабуни, гьеле гьеб мехалда кIола нилъехъа унго-унголъунги ВатIан бокьизе ва радикалиял, заралиял къукъабазул асаралде гьоркье ккечIого рукIине.

Колледж буго Казбек районалъул Дубки поселокалда. Гьелъул филиал буго ЦIобокь-Миякьоб росулъги.

**Колледжалъул профессионалиял ва социалиял партнераллъун ккола:**

СагIид-афандил цIаралда бугеб Дагъистаналъул теологиялъул институт;

Дагъистаналъул гуманитарияб институт;

Гуманитариябгун педагогикияб колледж;

РПА МЮ РФялъул юридикияб колледж.

**Колледжалъул аслиял масъалаби:**

- сундулго рахъалъан цеветIурав, лъай бугев, тарбия щварав инсан куцай;

- гьоркьохъеб профессионалияб лъай щварал махщелчагIаздалъун жамгIият хьезаби;

- халкъалда гьоркьоб лъай тIибитIизаби, культурияб, лъаялъулаб ва профессионалияб бичIчIи буголъи инсанасулъ куцай, гьебгиха тарбияталъул нухдасан, лъай ва махщел камил гьаби.

Гьел мурадал гIумруялде рахъинаризелъун колледжалъ, аслияб къагIидаялда, хIалтIи гIуцIула физическиял ва юридикиял лицабазулгун гьабураб къотIи-къаялда рекъон.




Колледжалда гьеб кинабго гьабула РФялъул законазда рекъон, ай «РФялъул лъай кьеялъул хIакъалдалъулъ» федералияб законалъул къучIалда.

Колледжалъул хIалтIи гIуцIараб буго гьадинал бухьеназул къучIалда: административиял (тIолалго подразделениязул киналго нухмалъулел) ва социалиял, ай жамгIиял органал (советал, комиссияби).

Колледжалъул руго церелъурал тIалабазда рекъон лъай кьеялъулаб хIаракатчилъи бильлъанхъизабизе ихтияр кьолел гIуцIиялъулалгун ихтияразул киналго документал. Кинабго рекъонккола Уставалда ва гьелъ рес кьола аслиял профессионалиялгун лъай кьеялъулал программабазда рекъон хIалтIи гьабизе.

Колледж хьезабун буго хIажатабщинаб литератураялдалъун, методикаялдалъун, руго тIадегIанаб лъай бугел преподавательзаби ва гьезул киназулго буго клафикациялъул тIадегIанаб категория.

Колледжалда цIали гIуцIун буго очнияб формаялда рекъон. Колледжалъул буго лъай кьеялъе хIажатал шартIал чIезарураб мина. Буго цIалулаб 12 кабинет, информатикаялъулгун информациялъулал технологиязул лаборатория, активияб, цIалдолеб ва спортивиял залал. Колледжалда буго 100 чиясе бакI бугеб столоваяги.

Колледжалъул буго азаргоялдаса цIикIкIун тIехь жаниб бугеб библиотека. ГьабсагIаталда хIалтIи гьабулеб буго электрониияб каталог ва жалго бетIергьанаб электрониияб хасаб библиотека гIуцIиялъе.

Колледжалда тIоритIула батIибатIиял къецал, гIелмиялгун лъай кьеялъул конференциял. ЛъагIалил болжалалда жаниб колледжалъул студентаз гIахьаллъи гьабула халкъазда гьоркьосел ва регионалиял гIелмиял конференциязда.

Колледжалда тарбия кьеялъулаб хIалтIи гьабула диниялгун рухIиял рахъазде цIикIкIун кIварги кьун ва Дагъистаналъулги Россиялъулги культурагун гIадаталги кьочIое росун. Колледжалда лъай ва махщел бугев гуревги, инсан ругьун гьавула инсанлъун вукIинеги. ЦIалул заманалда студентазул рес буго батIибатIиял кружоказде, секциязде хьвадизеги.

# Къуръаналда рехсараб кIкIара

1 « **Инсанасул би цIвиялъул хIикмат**

Масала, аяталда бугеб «багIузат» (кIкIара) абураб рагIи цIуяб жинсалда хIалтIизабун буго. 1400 соналъ цебе аварагасде ﷺ рещтIараб Къуръаналъул мугIжизат жакъа гурони гIалимзабазда хIужжабаздалъун чIезабизе кIвечIо. Инсанасда тIад би цIвизелъун цIуяб кIкIара гурони чIолареблъиги баянлъана. Гьелде тIадеги, цIуял кIкIурбузе инсанасул би ханал лъезе гурони къварагIунаребги батана. Ханал жиллаялде (личинка) сверийин абуни жеги гIажаибаб жо буго. Гьеб личинкаялъ кIкIаралъун лъугьине ккани жиндирго хьал лъабцIул хисизе ккoлеб буго. Тамашаяб жо гьечIищ, кин гьелда «лъараб» лъабцIул хьалги хисун кIкIараялде сверизе? Къуръаналда нилъее мисаллъун бачараб кIкIара, цебе рехсараб хIалалда Аллагьас ﷻ гIадада бижичIо.

### Би цIулаго гьабулеб тимар

КIкIараялъ инсанасул ялъуни хIайваналъул би цIуй цоцазда хурхарал захIматал жалаздалъун букIуна. Би цIвизелъун кIкIара тIад рештIиндал, гьелъ цин цо хасал бакIал тIаса рищула. Шприцалъул рукIкIеналдаго релълъун гьелъул хоччода тIадги тIадхъел букIуна, цинги би цIулеб мехалъ гьеб тIадхъел нахъе цIанги уна. КIкIарадул хеч захIматал жалаздасан гIуцIун буго. Бидурихь балагьулаго гьеб киданиги мекъи кколаро. ЦIакъ мухIканго батула гьелда бидурихь. Цинги тIомги борлъулаго гьелъул хеч бидурихьалде аскIобе щведал чIолеб буго. Гьанже щола ирга би цIвиялде. Инсанасул бидулъ цо хасаб фермент букIуна би бетизабулеб. Амма кIкIараялъе гьелъул щибго къварилъи букIунаро. Би цIвизе байбихьилалде цебе кIкIараялъ бидулъе би бетизе толареб лъамалъи биччалеб буго. Гьелда цадахъ гьеб лъамалъиялъ инасанасда хеч къазабиялъул ва би цIуялъул унти лъазеги толеб гьечIо. КIкIараялъ хIанчIарал бакIал гьорой, букари жанибе биччараб лъамалъи сабаблъиялдалъун букIуна. Бищун гIажаибаб жо, жаниб биччараб лъамалъиялъ асар гьаби кIкIараялъе би цIвизе къваригIарабгIанасеб заманалдаса дагьаб цIикIкIун букIуна.



### ХIикмат

Унго, гIаламалъи бихьуларищ кIкIараялъул? Инсанасда къаси сардилъ бихьулеб алат къоабилеб гIасруялда гурони ургъизе кIун батичIони, кIкIаралда гьединаб прибор гьабураб къоялдаса нахъего букIунеб буго. БецIаб бакIалда кIкIараялда инсан 6 километралъул манзилалдасанго вихьулев вуго.

ЖАБИР МАЖИДОВ,
ЦIИЯБ ЧIИКIАБ РОСУ

# РитIухълъиялда тIамураб гIумру

Мурикъ ибн ГIижлица бицунеб буго жинда вихьичIила МухIаммад ибн Сиринидаса гIелмуялъулъ варагI ва варагIалъулъ гIелму цIикIкIарав инсан. Сирин вукIана Анас ибн Маликил лагъ. Гьесул хIалтIиги букIана пахьул тIагIелал гьари. Анасица тархъан гьавун хадуб жиндирго махщалида рекъон хIалтIиялъ гьесие лъикIаб хайир щолаан. Сиринил нигат ккола хъизан гьабизе. Гьесие рекIее гIолей ясги йикIана Абу-Бакр асхIабасул Сафият абурай гьараваш. Гьей йикIана цIакъ берцинай, ракIбацIцIадай гIадан. Гьелъулъ букIана цIодорлъи, пагьму, гIакълу. Аварагасул ﷺ руччабазе, хасаго ГIаишатие Сафият цIакъ йокьулаан.

МУХIАММАД МУХIИДИНОВ,
ЧIАРАДА РАЙОН, РУЛДАБ РОСУ

### Сириние Сафият ячин

Сирин ана гьей гьарун Абу-Бакр асхIабасухъе. Абу-Бакрица жиндирго яс гьаризе вачIарав чиясул гIадин цIех-рех гьабуна Сиринил тIабигIатгIамалалъул. Гьесул хIакъалъулъ цIех-рех гьабулаго Абу-Бакр щвана Анас ибн Маликида аскIовеги. «Сафият Сириние кьезе бегьиладай?» - абун Сиддикъас гьикъидал, Анасица абуна: «Кье, я, муъминзабазул амир! Дуца щибго ургъелги гьабуге. Сирин вуго диналъе ритIухъав, бахIарчияв, тIабигIат-гIамал берцинав инсан. Гьев дида лъала Халид ибн Валидица «ГIайну ттамр» рагъдаса асирлъудеги ккун, кIикъого чигун цадахъ, вачун вачIаралдаса. Гьеб къоялдаса нахъе гьев дир лагъалъун вукIана ва дун гьесдаса разиги вуго», - ян.

Абу-Бакр разилъана Сафият Сириние кьезе. Жиндирго яс гIадин, Сиддикъас гIемерал асхIабзабиги ахIун, кьуна Сафият Сириние. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Бадруялъул рагъда рукIарал 18 асхIабасги. Цогидаз «Амин» абулаго, бахIаразе дугIа гьабуна аварагасул ﷺ хъвадарухъан, аварагасухъе бачIараб вахIю жинца хъвалеб букIарав асхIаб Убаю ибн КагIбица. Муъминзабазул лъабго эбелалъ хIадур гьаюн къачIан кьуна Сафият росасе.

Гьел киназулго баракаталдалъун Сириниеги Сафиятиеги гьавуна, заманалдасан табигIуназул байрахълъун лъугьарав, баракатав вас МухIаммад ибн Сирин.

### Баракатав инсанасул баракатаб гIумру

МухIаммад ибн Сирин гьавуна ГIусман ибн ГIаффанил халифалъи лъугIизе 2 сон хутIараб мехалъ. Гьесие рокъоб эбел-инсудаса щвана лъикIаб тарбия. Цинги балугълъиялде гIагарлъулеб гIужалъ гьес пайда босана аварагасул ﷺ хириял асхIабзабаздаса ва чIахIиял табигIуназдаса. Гьединаздасан ккола Зайд ибн Сабит, Анас ибн Малик, ГIимран ибн ХIусейн, ГIабдуллагь ибн ГIумар, ГIабдуллагь ибн ГIаббас, ГIабдуллагь ибн Зубайр ва Абу Гьурайра. МухIаммадица гьездаса босана хирияб Къуръан ва аварагасул ﷺ хIадисал лъай.

Заманалдасан гьесул хъизан гочана Басраялде. Басра букIана ГIиракъалъулги Персиялъулги исламалде рачIаразе гIелмуялъул центрлъун ва рагъулаб гъазаватазе чи хIадурулеб базалъун.

Гьенив вукIаго МухIаммад ибн Сиринница заман бикьулаан кIийиде: цо – гIелму-гIибадат гьабизе, цогидаб - хIалалаб магIишат гьабизе. Радал унаан Басраялъул мажгиталде гIелму цIализе ва дарс лъезе. Бакъанида гьабулаан даран-базар. Къаси гIемер цIалулаан хирияб Къуръан.

Гьесул гIумру букIана цогидазе мисалияб. Аллагьасдаса ﷺ хIинкъун къаси гIемер гIодулев рагIун гьесул



гIагарлъиги мадугьаллъиги хIинкъун рукIунаан гьесда. Гьесул гIажаибаб тIабигIаталъ гIадамал хIайран гьарулаан. МакъначIисалъ махх гIадин гьесде тIаде цIалаан гIадамал. Цакъго кIвар кьолаан гIадамаздаса гьибат гьабунгутIиялде. АскIов гьечIев чи какизе гIадамал лъугьани, ибн Сириница рикIкIунаан досулъ ругелщинал лъикIал тIабигIатал. Гьес базаралда сверулаго гIадамазда ахират ракIалде щвезабулаан ва дунялалъул гIодобегIанлъиялде кантIизарулаан. Гьев вихьаравго гIадамал гьупуллъиялдаса ригьунаан ва ракIалде щола-



ан абадияб рукъ. Цо-цо гьес гьезие бицунаан гьезул ракI боххизабулеб хабар, ай гьезул напсал гIодоре риччазелъун ва ургъел тIаса инелъун.

МухIаммад ибн Сирин вукIана цIакъ бахIарчияв, кигIан жиндие захIмат кколеб бугониги ритIухъаб рагIи абулев инсан. Гьес щиб кканиги хIакъаб гурони бицунароан.

Цо къоялъ пуланав чияс дагIба бана МухIаммадица жиндие кIиго диргьам кьезе ккола абун. МухIаммад чIана кколарин. Дов чияс абуна: «Дуда гьедизе кIолищ кьезе кколарин абун?» - ян. КIиго диргьамалъе гIоло гьедиларин ракIалде кканиги, МухIаммад гьедана. Цинги гIадамаз гIажаиблъун абуна: «Я, Абу Бакр, мун кIиго диргьамалъе гIоло гьедизейищ гьедулев? Дуца гурищ сон 40 азарго диргьам жибго тараб дур гьелда щаклъи букIиналъе гIоло, цогидазул щибго щаклъи гьечIониги», - ян. МухIаммадица абуна: «У, дун гьедула. Щайгурелъул, дие бокьун гьечIо, дида лъалебги букIаго гьав чияс хIарамаб жо кваназе», - ян.

### Гьадияталдаса инкар гьабиялъе гIилла

Цо нухалъ Басраялдаги Куфаялдаги тIад тарав ГIумар ибн Хубайрица ибн Сирин жинхъего ахIана. Ибн Сирин гьениве ана жиндирго вацасул васгун цадахъ. ТIаде щваралго ГIумарица ибн Сирин тахида чIезавуна ва кIудияб хIурматги гьабун гьесие суалал кьезе жувана. ГIемер суалалги кьун, ГIумарица ахиралда гьикъана: «Дуца дурго шагьаралъул агьлу кин тараб? Гьел щиб хIалалда ругел?» - абун. МухIаммадица абуна: «Гьел цIакъ кьварилъи-захIмалъиялда руго. Дуеги гьезул щибго ургъел гьечIо», - ян. Вацасул васас гьесул гьажалда тункана. Цинги гьесдехунги вуссун ибн Сиринида абуна: «Дуда гьикъулеб гьечIо гьезул хIакъалъулъ, дида гьикъулеб буго. Гьезул жавабги дица кьезе ккола», - ян. ДандчIварабго гIадин, лъикIго кIодо гьавун ГIумарица ибн Сирин берцинго нухда регIана. ГIумарица гьесухъе битIана 30 азарго диргьам гьадиятлъун. Кинниги ибн Сириница гьеб къабул гьабичIо. Вацасул васас абуна: «Щай дуца гьадият къабул гьабичIеб?» - ян. МухIаммадица абуна: «Гьес гьеб битIун буго дун лъикIав чилъунги рикIкIун. Дун гьесда ракIалде кковухъе лъикIав чи ватани, дие рекъоларо гьеб босизе. ВатичIони, дун гьелъие мустахIикъав гьечIо», - ян.

ТIадегIанав Аллагьасе ﷺ бокьана МухIаммад ибн Сиринил сабруялъул хIалбихьи гьабизе. Гьединлъидал Аллагьас ﷺ гьесие гьаруна хIалбихьиял.

Цо нухалъ ибн Сириница босана 40 азарго диргьамалъухъ нах, гIарац хадуб кьезе къотIиги гьабун. Цинги рокъовеги щун нахухъ валагьидал, гьениб жаниб хвараб гIункIкI батана. Гьесда ракIалде ккана: «Гьаб кинабго нах хвараб нажаслъарабги бугелъул, дица гьеб нахъбуссинабуни дов чияс гьаб цогидал бусурбабазе бичила ва гьезие зарал ккела», - абун. Гьединаб пикругун гьес кинабниги нах гIодобе тIуна. Гьелдаса хадуб дов чиясе налъи бецIизеги кIвечIого ибн Сирин туснахъалде ккана. Гьениб гIураб заман байдал, МухIаммадил тIабигIат-гIамал, гьесул варагI лъалев туснахъалъул хIалтIухъанас абуна: «Мун къаси-къаси дурго рокъове а, къад нахъе вачIа. КъватIиве виччазе заман щвезегIан гьедин вукIа», - ян. МухIаммадица гьеб къабул гьабичIо. Щайин гьикъидал, МухIаммадица абуна: «Дица дуе кумек гьабиларо дуда тIад тарав чиясе хилиплъизе», - ян.

Хвалил унтиялда вукIаго Анас ибн Маликица васият гьабун буго: «Дун чури ва дидаса жаназалъул как бай МухIаммад ибн Сириница гьабе», - абун. Цинги Анас хведал ибн Сирин жеги туснахъалдаго вукIана. ГIадамал ана туснахъалъул тIад тарав чиясухъе ва гьарана Анасил васият тIубазе ибн Сирин къватIив виччаян. Гьев разилъана ва МухIаммадие къватIиве ине изну кьуна. Кинниги ибн Сириница абуна: «Дун къватIиве вахъинаро, налъул бетIергьанас изну кьун гурони», - ян. Хадуб налъулас изнуги кьун МухIаммадица Анас чурана, гьесдаса жаназалъул как бана ва гIагарлъи бихьизецин инчIого туснахъалде нахъвусана.

МухIаммад ибн Сириница дунялалда бана 77 сон. Гьев хведал гьесул рокъоб батун гьечIо магIишаталъул щибго жо, Къуръан ва тIахьал гурони.

ХIафсат бинту Рашид абурай Аллагьасе ﷺ гIибадат-тIагIат гьабиялда тIадчIарай гIаданалъ бицун буго: «Дир мадугьаллъун вукIана Аллагьасул ﷺ вали Марван Ал-МахIмали. Хун хадув дида гьев макьилъ вихьана. Дица гьесда гьикъана:

*- БетIергьанас ﷺ дуе щиб гьабураб? - абун.*

- Аллагьас ﷺ дун Алжаналде лъугьинавуна.

*- Цинги щиб гьабураб?*

- Цинги АсхIабул яминазул даражаялде ворхизавуна.

*- Цинги щиб гьабураб?*

- Цинги Мукъаррабиназул (Аллагьасде ﷺ гIагарал чагIазул макъамалде ворхизавуна.

*«Щалха дуда гьезда гьоркьор рихьарал»*, - абун ХIафсатица гьикъидал, Марваница абуна: «ХIасан ал-Басри ва МухIаммад ибн Сирин вихьана», - ян.

# КантIиялъе сабаб

*(Байбихьи цебесеб номералда)*

**БагIарараб кьоялъ кьечалъ холев вугев чи кьеч буссинелъун цо реччел бугеб бакIалда хурхуневго гIадин, Усайд ибн ХIузайрги Къуръаналда, ай гьеб хIалалда хурхун вукIунаан. Гьесул аслияб мурадлъун ва рекIелгъейлъун лъугьана Къуръан. Гьеб кьоялдаса нахъе Усайд Аллагьасул ﷺ нухда гъазават гьабулезда ялъуни Къуръан цIалулезда гьоркьов вукIунаан. Усайдил букIана кутакалда хIеренаб ва берцинаб гьаракь. Къаси сардилъ киналго гIадамал гъафлаталда кьижун ругеб ва къватIиб сас гьечIеб мехалъ Усайдие бокьулаан Къуръан цIализе. АсхIабзаби кидаго халккун рукIунаан Усайдица Къуръан цIалиялъухъ ва байбихьарабго сверунги чIун, сихIкъотIун гIенеккулаан. РекIелъе бортуледухъ ва баянго аварагасухъе ﷺ рещтIухъе Къуръан цIалиялъухъ гIенеккизе щваразе кинаб талихIха букIинареб!? Ракьалда ругезго гIадин зобалазда ругезги Усайдица Къуръан цIалиялъухъ гIенеккун лазат босулаан.**

ЖАБИР МАЖИДОВ,

ЦIИЯБ ЧIИКIАБ РОСУ

Цо кьоялъ, сардилъ Усайд ибн ХIузайр вукIана рукъалда нахъа бугеб хъощнив. АскIовго кьижун вукIана гьесул вас ЯхIяги. Гъазаваталъе хIадурараб гьесул чуги букIана аскIоса гIебеде бухьун. Сордо букIана гIодобе биччараб, зоб букIана бацIцIадаб. ЦIвабзазул кунчIиялъ ракь букIана дагьабго гвангъизабун. Усайд ибн ХIузайрие кутакалда бокьана гьеб хIалалда жиндирго хIайранаб гьаркьидалъун Аллагьасул ﷺ калам цIализе. ХIеренаб, берцинаб гьаркьидалъун гьес байбихьана (тафсир): «Алиф, Лам, Мим. (ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупал сураталъул байбихьиялда лъеялдасан бугеб жиндирго мурад). Гьаб нилъеца цIалулеб Аллагьасул калам жаниб хъвараб тIехь, щибго щакклъи гьечIого, Аллагьасдасан хIинкъун, хIарамаб тун, куфру-ширкалдаса цIунун, тIагIат гьабун хьвадулел муъминзаби жинца тIоритIулеб буго. Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго жидеца гьаибаб жоялде иман лъолел, гьелда божулел ва жидеца рукугI, сужда камил гьабун, Аллагьасе хIелун как балел ва Дица кьурал нигIматаздаса паризаяб закат-сахIги, суннатаб садакъаги, хъизамалъе нафакъаги кьолел. Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго МухIаммад, дуде рещтIараб Къуръаналда ва мун жиндалъун витIараб диналда иман лъолел ва дуда церехун рукIарал аварагзабазде рещтIинабураб жоялдаги иман лъолел ва ахир къо букIинги щибго щакклъи гьечIого жидеда лъан, гьелдаги иман лъолел». (Суратул Бакъарат, аят 1-4)

Гьедин цIалулаго Усайдида рагIана гьесул чу квар тIеледухъ туркIун жиндаго сверун бекерулеб гьаракь. Усайдица Къуръан цIали чIезе тедал гьеб чу гIодобе бичана. Цинги гьес цIидасан байбихьана (тафсир): «Гьел церехун рехсарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго Аллагьасул рахъалъан жидее тIоритIел бугел, жидер рекIелъ рахъалъ нурги бугел, жидеда хIакъаб жо лъарал муъминзаби. Ва гьел руго жидер лъикIлъиялда кверщел батаралги. Дунял-ахираталъул лъикIлъи жидее щварал. Жидеца тIалаб гьабулеб Аллагь разилъи щварал, гьел жиндаса лъутулеб, хIинкъулеб квешлъиялдасаги хвасарлъарал». (Суратул Бакъарат, аят 5)

Гьеб хIалалда чIолохъжоялдаса борчIизе хIаракатги бахъулаго чу жеги хехго бекеризе лъугьана. Усайдица чIезе тана ва чуги гIодобе биччана. Гьеб хIал чанго нухалда такрарлъана. Усайдица цIализе байбихьарабго чу теркIон кIанцIезе





лъугьунаан, цIали чIезе тарабго гьебги чIолаан. Жиндирго вас чоца мерхьинин хIинкъарав Усайд гьев ворчIизавизелъун гьесде аскIове ана. Гьеб лахIзаталъ тохлъукьанго зобалазде валагьидал Усайдида гIажаибаб берцинаб чадиралда релълъараб накIкI бихьана. Гьеб накIкI сверун чирахъазда релълъарал канлъиги букIана. Гьедин цебеса гьеб накIкI тIагIун ана. Сордо рогьиндал Усайдица аварагасухъеги ﷺ ун сардилъ бихьаралъул бицана. Аварагас ﷺ гьесда абуна: «Гьел рукIана дур Къуръан цIалиялъухъ гIенеккарал малаикзаби. Къуръан цIали дуца чIезе тун букIинчIебани киналго гIадамазда рихьилаан гьел ва гьезда рахчизеги кIвелароан».

Къуръаналдехунго гIадинаб Усайдил рокьи аварагасдехунги ﷺ букIана. Гьес жинцаго абулаан Къуръан цIалараб мехалъ ялъуни авараг ﷺ вихьидал жиндир ракI бацIцIалъулин ва иман щулалъулин. Усайдие кутакалда бокьун букIана аварагасда ﷺ хъвазе. Цо кьоялъ Усайдица сверухъе ракIарарал махсарахочI гьабун релъизарулел рукIана. Гьесул махсароялъ хIайранлъун гьебсагIаталъ гьесда аскIов чIун вукIарав аварагас ﷺ гьесда цо рахъалдехун цун тункана. Усайдица абуна: «Дуца дида унтизабуна, я Бичасул авараг ﷺ», - илан. «РецIел босе дидаса», - илан жаваб гьабуна аварагас ﷺ. Усайдица абуна: «Дуда тIад гурде буго. Дуца дун цулеб мехалъ дида тIад щибго букIинчIо», - ян. Аварагас ﷺ гурде бахъидал Усайдица гьесул ﷺ хьибилалда убачал гьарулаго, абуна: «Мун дие эмен-эбел вуго, я Бичасул авараг ﷺ. Мун лъаралдаса нахъе дир анищлъун букIана дуда убачал гьари. Гьале жакъа Аллагьас ﷺ дир анищ тIубана», - ян. Аварагасеги ﷺ вокьулаан Усайд. Гьесда ﷺ кIочонароан ислам тIоцебе босараздасан Усайд вукIин. Гьединго УхIудалъул гъазаваталда исламалъе гIоло гьес бихьизабураб бахIарчилъи ва гьеб гъазаваталда гьесда лъун рукIарал хвалил анкьгониги ругьун. Жеги аварагасда ﷺ лъалаан къавмалда жаниб Усайдил бугеб къадру-къиматги. Цонигияздаса хъулухъ гьаридал, аварагас ﷺ гьеб кидаго къабул гьабулаан. Усайдица бицана: «Цо кьоялъ аварагасухъеги ﷺ ун ансараздасан цо кумек къваригIаб хъизаналъул бицана дица. Гьеб хъизаналъулги гIемерисел руччаби рукIана». Аварагас ﷺ абуна: «БукIарабщинаб боцIи-мал бикьун бахъиндал вачIана мун, Усайд. ЦIияб бикьизе жо бачIиндал дуца дида гьеб хъизаналъул хIакъалъулъ ракIалде щвезабе», - ян. Заман индал Хайбаралдасан боцIи-мал бачIана. Аварагас ﷺ бусурбабазда гьоркьоб гьеб бикьана. Цебе рехсараб ансараздасан хIажатаб хъизаналъеги кьуна. Дица абуна: «Дуца гьабурабщиналъухъ Аллагьас мун кIодо гьавеги, Бичасул авараг ﷺ». Аварагас ﷺ абуна: «Аллагьас нужее лъикIалдалъун жазаъ гьабеги, ансарал. Дида лъаралдаса нуж кидаго сабру ва хIелму бугел гIадамал руго. Дида хадусан нужеда жахIдахIасад дандчIвала. Нужеца гьелде сабру гьабе дунгун данчIвазегIан...», - илан. ГIемераб заман гьоркьоб индал Усайдица бицана: «Цо кьоялъ ГIумар-асхIаб халифлъун вугеб мехалъ бусурбабазда гьоркьоб боцIимал ва ретIел бикьулеб букIана. Гьенисан диеги бачIана ретIел босун. Дида гьеб ретIел гIодобегIанлъун бихьана. Гьедин мажгиталда цеве вукIаго дида цевесан цо вас ана ракьалдасан бехъерхъулаго дие кьурабго гIадинаб ретIелги ретIун. Гьеб мехалъ дида ракIалде щвана аварагасул ﷺ «Дида хадусан нужеда жахIда-хIасад дандчIвала» абурал рагIаби. Дицаги абуна: «Бичасул расулас ﷺ битIараб бицана», - ян. Дица гьел рагIаби абулел рагIидал гьев вас ГIумар-асхIабихъе ана гьелъул бицине. Дун как балев вукIаго тIаде вачIана ГIумар-асхIаб. Гьес абуна: «Как бан бахъинабе, Усайд», - илан. Как бан бахъиндал дидехунги вуссун, гьес абуна: «Щиб дуца абун букIараб?», - илан. Дица гьесие дида бихьарабги рагIарабги бицана. ГIумарица абуна: «Аллагь ﷺ гурхIаги дуда. Доб васасда ретIун букIараб ретIел дица цо пуланасе кьун букIана. Гьев вукIана ансарияв, Бадруялъулги УхIудалъулги гъазаватазда гIахьаллъарав. Цинги гьадав гIолохъанав къурайщиязул васас гьесухъа бичун босун буго доб ретIел. Дуда ракIалдайищ ккараб, Усайд, аварагасул ﷺ дол рагIаби дир заманалда ккелин абун?» Усайдица абуна: «Валлагьи, муъминзабул халиф, дида ракIалдего ккун букIинчIо гьеб дур заманалда ккелин». Гьелдаса хадуб Усайд ибн ХIузайр гIемераб мех иналдего Аллагьас ﷺ къадаралде щвана. Хун хадуб гьесда тIад 4000-гIанасеб диргьамалъул налъи батана. Гьесул ирсилал налъи бецIизелъун гьесул ракь бичизе лъугьана. ГIумар-асхIабица гьеб лъайдал абуна: «Дир вац Усайдил лъимал гIадамазда гьардезе дица киданиги толаро...». Цинги къотIи гьабуна Усайдил ракьалдаса 40 соналъ пихъ бичун босизе. Щибаб соналъ 1000 диргьамалде.

# Эбелалъ жиндие гIумру кьурав

Ункъабго мазгьабалъул имамзабаз гIумру гьабуна исламалда жаниб бищун лъикIаб гIасрабазул лъабго гIасруялда, гьел рукIана жидер заманалда бищун кIудиял гIалимзабилъун, рецц гьабун кIудияб къимат кьуна тIарикъаталъе. Ибрагьим ибну ГIабдуллагь абурав цIар рагIарав гIалимас абуна жинда АхIмад имамас абулеб рагIанин: «Суфизабаздасан хириял чагIи дида лъаларо», - ян. Имам АхIмадица жиндирго васасда тIоцебе абулеб букIана мун суфизабаздаса рикIкIад чIайилан, Абу-ХIамзат ал-Багъдадиявгун дандчIван, гьесулгун гьалмагълъи ккун хадуб ва тIарикъатчагIазул хIакъикъат бичIчIидал, гьес васасда абуна: «Дуца гьезулгун гьалмагълъи кквe, гьел нилъедаса гIелмуялъулъ, ракI Аллагьасда ﷻ хурхиналъулъ, гьабулеб гIамалалъулъ ихлас цIуниялъулъ ва дунял рехун теялъулъ цере ккарал руго», - ян.

МУХIАММАДГIАРИФ КЪУРБАНОВ,
ШАМИЛ РАЙОН, ХIОРОДА РОСУ

АхIмад имам гьавуна гьижрияб тарихалъул 164-абилеб (780) соналъ Багъдадалда. Гьесул тIубараб цIар ккола Абу-ГIабдуллагь, АхIмаду бну МухIаммаду бну ХIанбал, Шайбани абураб тухумалде гIунтIизе гьавурав. Гьев вукIана гьабулеб гIамалалъулъ варагI бугев тIадегIанав гIалим, загьид, Аллагьасукьа ﷻ хIинкъарав чи, хIатта АхIмадица абуна дида БетIергьан ﷻ макьилъ вихьанин ва дица гьесда гьикъанин: «Я БетIергьан ﷻ, дуде жиндалъун гIагарлъулеб гIамалазул бищун хирияб щиб?» - абун, БетIергьанас ﷻ абуна: «Дир калам буго», - ян. Дица цIехана: «БичIчIун цIалиялдалъунищ яги бичIичIчIого цIалиялдалъунищ?» - абун. БетIергьанас ﷻ абуна: «БичIчIун цIаланиги бичIчIичIого цIаланиги батIалъи гьечIого», - ян. Къутайбатица абуна: «АхIмад имам, Суфяну Саври, Малик имам, Лайсу бну СагIд ва АвзагIи гIадазул гIасруялда вукIаравани, гьездасаги цеве ккелаан», - абун. Гьесда цIехана гьев табигIиназдасан кколищилан. Къутайбатица абуна табигIиназул чIахIияздасан кколин.

ГьитIинав чи вугеб мехалъго хвана гьесул эмен, инсул магIишаталдасан бетIербахъи гьабизе гьесие щвана эмен жанив вукIараб рукъ, дагьамакъаб нахърател ва моцIие анцIила анкьго диргьам щолеб милк. Гьесие тарбия кьеялъулъ ва гьев кIудияв гIалим вахъиналъулъ кIудияб бакI ккуна гьесул эбелалъ. Рос накълулъидал гьей йикIана гьанжего гьанже гIумруялде яхарай, цIакъ берцинай гIолохъанчIужу, гьей ячине бокьун чанго чи вачIаниги гьелъ, жиндир гIумру васасе кьезелъун киназего инкар гьабуна. ГьитIинаб къоялъго гьелъ жиндаго лъалеб, цере арал чагIазул, гьезул лъугьа-бахъиназул, исламалда ккарал рагъазул бицун, гьесул рекIелъ гьездехун хурхен щула гьабун, гIелмуялдехун рокьи багъаризабун исламалъул къимат щула гьабуна. ГIелмуялъулъ байбихьи гьабулел классазде цIализе витIун гьитIинго Къуръан ракIалдасан лъазабуна, хадуб шайихзабазухъе кьун хIадис ва фикъгьуялъул гIелмуялде лъугьинавуна.

АхIмадида бичIчIана жиндир эбелалъ кинабго жоялдаса инкарги гьабун, жиндие гIололъун гIумру тIамулеб букIин. Гьеб бичIчIарав АхIмадица эбел чIаго йигебгIан заманалъ гьелъие хъулухъ гьабун гурони, жиндиего хъизан гьабичIо. Хъизан гьабуна, эбел ахираталъул рукъалде ун хадуб, лъеберго сонил гIумруялде вахиндал.

Гьеб заманалда Багъдадалде вачIарав имам ШафигIияс байбихьун букIана гIадамазе гIелмиял дарсал кьезе. ШафигIиясдехун гIищкъу бергьун, гьесулгун лъикIаб гьоркьоблъиялда ва гIадамазда гьоркьовги дарсаздехун кIвар кьей бищун цIикIкIун гьабулевлъун вукIана АхIмад. ШафигIиясулги гьесдехун лъикIаб бербалагьи ва гьоркьоблъи букIана. ШафигIиясдасан АхIмадие гIемераб гIелму щвана. АхIмадица гIемер такрар гьабулаан имам ШафигIиясдасан рагIараб «Щибаб гIасруялъул авалалда Аллагьас ﷻ гьаб дин цIилъизабизе чи витIула», - ян абураб аварагасул хIадис, тIадеги жубалаан: «ТIоцебесеб гIасруялъул байбихьуда ГIумару бну ГIабдулгIазиз вукIана, дун мекъи кколев ватичIони, кIиабилеб гIасруялда ШафигIиявги вуго», - ян.

Гьениса нахъе индал ШафигIияс абуна: «Дица Багъдад тана гьенив гIелмуялъул варагIалъул Аллагь ﷻ лъаялъул рахъалъ АхIмад ибну ХIанбалидаса цеве ккарав цониги чиги течIого», - ян. Цоги нухалъ ШафигIияс абуна: «Дида Багъдадалда цо гIолохъанчи вихьана, кинаб бугониги калам гьес гIадамаздехун гьабуни, гIадамаз гьесдехун: «БитIараб абуна дуца», - ян абулев. Гьев щивилан цIехедалги ШафигIияс абуна: «АхIмаду бну ХIанбал», - ин. АнцIила щуго сон баралдаса анкьго соналъ гьес кIудияб жигар бахъана хIадис гIелмуялъул гъварилъуде лъугьун гьеб лъазабизе.

ГIемер хIадис лъазе бокьиялъ гьесда бичIчIана гIелму тIалаб гьабун сапаралъ къватIиве вахъине ккей. Гьединаб нияталда къватIиве вахъун цо соналъ Басраялъул гIалимзабазда цеве цIалана, ХIижазалъул ракьалде ун гьенив ШафигIиявги ватун, гьесул бербалагьиялда гьоркь Масжидул ХIарамалда цIидасан хIадис гIелму цIалана. Жеги ХIижазалъул ракьалда гьев Малику бну Анас, Лайсу бну СагIд гIадазда цевеги цIалана.

ХIеж гьабулеб заманалда АхIмадил лъай-хъвай ккана Еменалдаса ГIабдуразакъ Гьуммам Ас-СангIанилгун. Гьесда аварагасул ﷺ гIемераб хIадис лъалеб бугин рагIидал, гьев Еменалде ана гьесда цеве цIализе. ГIабдуразакъица гьесие сайгъат гьабун кинабалиго буголъи кьезе цIакъ бахъулеб букIана, кинниги АхIмадица гьелдаса инкар гьабуна. «РикIкIадаб бакIалдасаги вачIун гIелму тIалаб гьабулев дица, дидаго захIмат бихьун тIалаб гьабизе ккола бетIербахъи гьабизе жо», - янги абун, бетIербахъиялъе жоги гьес тIахьал цоялдаса цогиялде хъван, гьабуна. ХIадисал тIалаб гьарун, батIи-батIиял шагьаразда хIадис лъалев чи вугин рагIун, гьев рикIкIадал улкабазде хьвадана.

Бищун захIматаблъун ккана гьезие доб заманалда цIар рагIарав ГIабдуллагь ибну Мубаракидасан гIелму тIалаб гьабизе. Гьев цо шагьаралда вугин рагIун гьениве индал, гьенисаги ун ватун цогияб шагьаралде индал, гьенивеги кватIун ккун гIемер тIалаб гьавуна ибну Мубарак. Ахир-къадги гьесул мутагIиллъиялде ккун, кутакаб кIвар кьуна гьесда нахъвилъун хIадис лъазабизе. Ибну Мубарак АхIмадица хIадис гIелмуялъул жиндирго шайихлъун ва гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун рикIкIунаан. МугIалимасдехун гIурхъи гьечIеб гIишкъуги букIана гьесулъ.

*(Хадусеб букIине буго)*



Баян

# Сураби рещтIиналъе хIикматал

**Сура Къурайш**

Гьаб сура рещтIана къурайшиял кIодо гьарун Маккаялда, гьелда жаниб ункъо аятги буго. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ абуна: «Къурайшиял ругьунлъун рукIиналъе гIоло гочарулеб гIумру гьабиялда». ХIакимица ва цогидазги бицана Умму Гьаниалдасан, ай гьелъ биценин абун: «Аварагас ﷺ абуна: «Аллагьас ﷻ къурайшиял кIодо гьаруна анкьго жоялдалъун. Дун гьездасан вуго, Авараглъиги гьездасан буго, ХIажизабиги гьездасан руго, лъим гьекъезе кьолел чагIиги гьездасан руго, Аллагьас ﷻ гьезие квербакъана пилалъул аскаралда тIад, Гьез Аллагьасе ﷻ анкьго соналъ лагълъи гьабуна цогидазе гьабичIого, Гьезул хIакъалъулъ Аллагьас ﷻ тIубараб сура рещтIана цогидал чагIи жанир рехсечIого». Хадуб Аварагас ﷺ цIалула гьеб сура.

**Суратул МагIун**

Гьаб сура рещтIана Маккаялда ва гьелъул анкьго аят буго. Гьеб сура рещтIиналъе сабаб ккана мунапикъзаби. Ибн ГIаббадидасан бицана Аллагьас ﷻ рещтIараб аяталъул хIакъалъулъ:



«КIудияб балагь буго жидеца как балел гьафулго рукIаго». Гьеб аяталда рехсарал чагIи руго мунапикъзаби. Муъминзаби как базе рачIиндал гьез чIухIи-рияъ гьабун как балеб букIун буго гьезда бихьизе гIоло. Гьел муъминзаби нахъе индал как бачIого толеб букIун буго. Аллагьасул ажру щвеялда хьул лъун балеб букIун гьечIо ва Гьесул гIазабалдаса хIинкъулел рукIунги гьечIо как теялда. Гьединаб фискъу гьабулеб букIун буго гьез. Гьел мунапикъзабаца гIадамазул хIажат нахъчIвалеб букIуна кигIан гьитIинаб бугониги. Масала, рукIкIен кьеялъулъцин. Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги гьединаб къавмалдаса рукIиналдаса. Амин.

**Суратул Кавсар**

Гьеб сура рещтIана Маккаялда ва гьелъул лъабго аят буго. Аллагьас ﷻ Къуръаналда абуна: «Дудехун ццим гьабурав чи хьон бакъварав вуго». Гьеб аят рещтIана ГIас бин Ваилил хIакъалъулъ. Гьес Аварагасда ﷺ абула Гьев кIалъайдал хьон бакъварав чи вугилан Мун, Аварагасул ﷺ вас Къасим хведал. «Тафсирул Къуръанул ГIазим» тIехьалда буго: «Гьев чияс гьедин абидал, гьесул хьон бакъванилан» (Сура Кавсар). Садиясдасан Абу ХIатимица бицана: «Къурайщиязул гIадат букIана цо чиясул тухумалда бихьинчи хвани, хьон бакъварав чийилан абулеб. Аварагасул ﷺ вас хведал ГIас бин Ваилица абула: «МухIаммад хьон бакъварав чи вугилан». Хадуб гьаб сура рещтIуна гьесда данде.

ШАМИЛ МУХIАММАДОВ,
БУЙНАКСК РАЙОН, ХIАБЩИБ РОСУ

# «Ас-саламалде» назмаби

## Дир хирияб, «Ас-салам»

*Ассаламу гIалайкум*
*Дир хирияб «Ас-салам»,*
*Дие гIадин бокьаги*
*Ракъалда тIад лъиего.*

*ЦIалун жиб гIорцIулареб,*
*Жиндилъ магIна кIудияб,*
*Лъица жиб цIаланиги*
*КIудияб пайда кьолеб.*

*Ралъдал тIину гIадинаб*
*ТIокIараб гIелму бугеб,*
*Нилъ гIадал жагьилазе*
*Жавабалъе хIадураб.*

*Аллагьас ургъарасе*
*Алжан насиб гьабеги,*
*Аллагьас жиб хъварасда*
*Рукъалда баркат лъеги.*

ХIАЖИЕВА ГIАИШАТ,
БУЙНАКСК РАЙОН, ЧИКIАБ РОСУ

## Баракатаб казият

*Алжаналъул жугьаби*
*Жаниб хъвараб «Ас-салам»,*
*Жавгьар-якъут гIадинаб*
*ХIадисалги рицунеб.*

*ХIикматал къисматалги,*
*Къадруял каламалги,*
*Суалазе жавабги*
*Дуца кьола «Ас-салам».*

*Жагьилазда гIелмуги,*
*ГIадилазда гIакълуги,*
*Унтаразе даруги,*
*Малъула «Ас-саламалъ».*

*«Ас-салам» бахъаразе*
*Аллагьас сахлъи кьеги.*
*«Ас-салам» хъвалездаги*
*Аллагь даим гурхIаги.*

*«Ас-салам» цIалулезда*
*ЦIадул бухIи лъагеги.*
*Лъай-гIакълу щун камиллъун,*
*Кидаго рохун тайги.*

*Киназулго рокьобе*
*Камугейги «Ас-салам».*
*Киназего рес щвайги*
*«Ас-салам» хъвазе ине.*

*«Ас-саламалъул» баркат*
*Щвайги Дагъистаналъе.*
*Диналъул агьлуялъе,*
*Аллагь вокьанщиназе.*

МУХIАММАД САГIАДУЛАЕВ,
ГУМБЕТ РАЙОН, ТIАСА ИНХО РОСУ

## Нилъее цIакъ хIажатаб

*БитIараб нухалде гIалам бачунеб,*
*ГIайиб-хатIаякьа инсан цIунулеб.*
*ЦIар бугел гIалимаз гIун бачIунеб гIел,*
*ГIелмиял дагIватаз куцилъ кьабулеб.*

*Алжан бокьаразе каву рагьулеб,*
*Канлъи жагьилазе жинца бачIунеб.*
*Багьа тIадегIанаб ислам малъулеб,*
*ГIадамал, «Ас-салам», камизе тоге.*

*Суалал-жавабал, хIадисгун суннат,*
*МухIканго, камилго нилъей бицунеб,*
*Бусурбанчиясе чараго гьечIеб,*
*«Ас-салам» газета хъвай гьудулзаби!*

ЖАВАТХАНОВА ТIАГЬИРАТ



Къиса

# РитIухълъи цIунарав

Цо нухалъ халиф Абу-ЖагIфар ал-Мансури, жиндирго хъизан Гьуррагун барщун вукIана. Гьеб букIана имам Абу-ХIанифал заманалда. Гьурраца абулеб букIана халифасда жий кIочонтун йигин, жиндие тIубазе кколеб хIакъ тIубазабейин. Гьедин рукIаго халифас гьелда абула нилъеда гьоркьоб хIукму гьабизе щив ахIилевин. Гьурраца НугIманил цIар абидал, вохарав халифас Абу-ХIанифа ахIизе чи витIана.

МУХIАММАДГIАРИФ КЪУРБАНОВ,
ШАМИЛ РАЙОН, ХIОРОДА РОСУ



Имам вачIиндал халифас абуна:

- Гьурра дунгун барщун йиго, нижеда гьоркьоб хIукму гьабе, имам, - абун.

- Щиб-кин бугебали тIоцебе дуца бицеха, я, халиф, - ян абула имамас.

- Бице имам, чан чIужу йикIине бегьулей бихьинчиясул?

- Унккъо, - ян абула имамас.

- Чан гъаравашщ йикIине бегьулей? - ян хадубги цIехола халифас.

- БокьарабгIан йикIине бегьула, - ян абула Абу-ХIанифаца.

- Цоги чияс гьеб гуреб жо бицине рес бугищ, имам, - абун нахъеги гьикъула халифас.

- ГьечIо, - ян абула имамас.

Цинги хъизаналдехунги вуссун, халифас абула: «Кинабго дудаго рагIанаха, Гьурра», - ян.

Гьеб мехалъ имамас абуна: «Я, муъминзабазул цевехъан, Аллагьас ﷻ гьединаб изну кьун буго ритIухъал чагIазе. РитIухълъиялда вукIине кIоларев ялъуни кIвеларин хIинкъарасе гIицIго цо гурони ячине бегьуларо. Къуръаналдаги абун бугелъул (магIна): «РитIухъаллъун рукIиналда хIинкъани, нужеца цо чIужу яче», - абун. Нилъецаги Аллагьасул ﷻ амруялда, Гьесул ﷻ малъахъваязда нахърилъун гьабизе ккола».

Абу-ХIанифахъ гIенеккидал щиб гьабилебали лъаларого вуцIцIун чIун хутIана Абу-ЖагIфар. Абу-ХIанифаги нахъе ана. Рокъове щведал имамасда лъана, Гьурраца сайгъаталгун гъаравашщгун хъулухъчи витIун вачIараблъи. Имамас гьелдаса инкар гьабуна ва хъулухъчиясда абуна: «Дурго бетIергьанчIужуялда абе, дица гьедин гьабуна, дир диналъ гьедин тIалаб гьабулеб букIиналдалъун. Диеги бокьун букIинчIо гьелдалъун ва гьеб гурелдалъун лъилниги лъикIаб бербалагьи ва ракIрекъей дидехун букIине», - ян.



## Как баялъе хутIун батIияб ишалъе как ахIизе суннатаб бугищ?

Как баялъе гуребги цо-цо бакIал руго как ахIизе суннатал. Гьездасан ккола:

– Ургъел ккарав чиясул гIинзунибе как ахIи. Как ахIиялъ гьесул ургъел тIаса инабула. ИнчIони, чанго нухалъ такрар гьабун ахIизеги лъикIаб буго.

– Жундуз ккурав чиясул гIинзунибе.

– Ццим бахъарав чиясул гIинзунибе.

– ТIабигIат-гIамал квешлъарав чиясул яги хIайваналъул гIинзунибе.

– ШайтIаби, жинал ракъарараб мехалъ. БатIи-батIиял суратаздалъун церерачIунеб мехалъ. Гьелдалъун гьезул зарал нахъчIвала, щайгурелъул, как ахIи рагIидал гьел тIурун уна.

Гьединго как ахIизе ва къамат гьабизе суннатаб буго гьабураб лъимадул гIинзунибе, гьелда тIоцебе рагIулеб гьаракь как ахIиялъул букIине. Гьединго гьелъ лъимер цIунула Умму Ссибян абураб жиналъ зарал гьабиялдаса. Гьениб шартIги буго как ахIулев чи бусубанав бихьинчи вукIин ва лъимерги бусурбанаб, ай бусурбабазул лъимер букIин.

ХIалалаб сапаралде вахъунев чиясда хадубги суннатаб буго как ахIизе ва къамат гьабизе.

**(«ИгIанату ТIалибин», 1 бутIа, 445 гьум.)**

## Паризаяб черх чурулаго мегIер ва кIал хулизе тIадаб бугищ?

Паризаяб черх чурулаго гьабизе тIадаб кIиго жо буго:

1) РакIалъ ният гьаби. «Дица ният гьабуна паризаяб черх чуризе», - абун. Гьеб ният ракIалда букIине ккола черх чуриялъул авалалда, ай черхалъул тIоцебесеб чурулеб лагалъалда лъим хъваялда хурхун.

2) ТIолабго черх, ай черхалъул загьир (тIасияб рахъ) чури. Гьелдаса ккола малъал ва гьезда гьоркь бугеб бакI, кинабго рас, гIундузул каратI ва тIасан бихьулеб бакI, кьватIараб пинкьалъул жанисеб рахъ…

Черх чурулаго кIал ва мегIер хули тIадаб гьечIо, суннатаб буго. Гьеб кIиябго гьабичIониги черх чури рикIкIуна, кинниги гьел тей карагьатаб буго нилъер мазгьабалъул цо-цо гIалимзабаз абулеб бугелъул гьеб тIадаб бугин. Имам АхIмадил мазгьабалда мегIер ва кIал хули черх чуриялъулъги какие чуриялъулъги тIадаб буго. Имам Абу-ХIанифал мазгьабалда гьеб кIиябго черх чуриялъулъ тIадаб буго, какие чуриялъулъ суннатаб буго. Цогидаб мазгьабалда тIадаблъун бихьизабураб жо нилъее гьабизе суннатаб ва тезе цIакъ карагьатаб буго.

**(«ИгIанату ТIалибин», 1 бутIа, 153 гьум.)**

## ЖамагIатгун как бай фарзул кифаят бугин абула. Мажгиталде щолев чиги гьечIони, гьениве щварав цо чияс жинцаго какги бан нахъе ани, гьеб росу мунагьалъукье кколищ?



Фарзул кифаятин абула шаргIалда жаниб жиндир кутакаб кIвар бугеб, росулъ гIакълу-лъай бугел, балугълъиялде рахаразул цояз гьабиялдалъун жиб тIаса кколеб, амма цонигияз гьабичIого тани росулъ ругелщинал мунагьалъукьеги кколеб жоялда.

ЖамагIаталъул как байин абуни, гIемерисел гIалимзабазул рагIиялда рекъон, фарзул кифаят ккола. Цо-цо гIалимзабаз кIвар бугеб суннаталдасан бугинги абула. Гьелде тIаде жамагIатгун как бай фарзул гIайн бугин абулелги руго гIалимзаби. Росулъ яги шагьаралда исламалъул гIаламат загьирлъуледухъ цо бакIалде дандеруссун паризаял какал жамагIат гьабун разе бихьинназе фарзул кифаят бугин абулел гIалимзаби гIемерал руго. Гьеб куцалда росулъ лъица бугониги жамагIат-как балеб гьечIони, тIубараб росу мунагьалъукье ккола. Имам Нававияс «Мингьажалда» бергьинабун буго жамагIатгун как бай фарзул кифаят бугин абураб рагIи. Росулъ яги шагьаралда мажгитазде ракIаричIого, гьенир как ахIун жамагIат гьабичIого рокъо-рокъор жамагIатгун какал ран парз тIубаларо. Росу гьитIинаб батани, цо бакIалде ракIарун, кIудияб ялъуни шагьар батани чанго бакIалде ракIарун, исламалъул шигIар загьирлъуледухъ, как ахIун, мажгитазде ялъуни цоги бакIазде руссун гьеб жамагIат как балеб гьечIони фарзул кифаят тIаса кколаро ва гьенир ругелщинал гIадамалги мунагьалъукье ккола.

**(«ИгIанату ТIалибин», «Мингьажу ТIалибин»)**

## Мавлидалда хадуб гьабизе мухIканаб дугIа лъазе бокьилаан?

Мавлидалъул кири киналго аваргазабазеги, гьел киназулго асхIабзабазеги, гIалимзабазеги, шайихзабазеги, рукъалъул бетIергьанасулги мавлидалда гIахьаллъаразулги, гIагараздасан чIагоязеги хваразеги, хадуб гIамм гьабун киналго муъминзабазеги кьела, гьезул мунагьал чурейиланги гьарила. Гьелде тIаде рукъалъул бетIергьанас гьабураб садакъаялъул кири гьесиеги гьесул гIагараздасан чIагоязеги хваразеги щвезабеянги гьарила. Гьединго гьарила гьесул ризкъиялда баракат лъегийилан, гьев къуралда разиявлъун гьавеян.

**(«Фатавал Хьвартихьуни»)**

## КIиликI базелъун каратI бахъизе бегьулищ?

МагIазукъалазда кIиликI базе каратI бахъи чIванкъотIун хIарамаб буго. Цо рагIиялъулъ Гьазалияс абулеб буго кIиликI базе гIин борлъиги хIарамаб бугин. Заркашияс гьеб бегьизе гьабуна, Умму-ЗаргIица бицараб хIадисги далиллъун бачун. ХIанафиязул «Фатава Къазихан» тIехьалда буго: «Гьеб гьабиялъулъ щибго бегьунгутIи гьечIо, щайгурелъул, жагьилаб заманалда гьеб гьабулеб букIана, аварагасги ﷺ гьелде кIвар гьабичIо», - ян. «ШархIу Мингьажалда» гьеб ясазе бегьизабун буго, гьезул хIакъалъулъ гьеб халгьабулеб берцинлъилъун букIиналъе гIоло. Гьелда релълъараб берцинлъи гьабиялъулъ гIазаб гьабиги бигьаяб, тIаса лъугьун толеб жо буго.

**(«ФатхIул мугIин»)**

## Хабаде зиярат гьабиялъул хIакъалъулъ Къуръан-хIадисалда хъван бугищ, батани руччабаз гьабизе бегьулищ?



Хабаде зиярат гьабизе суннатаб буго бихьиназе. Тирмизияс бицараб хIадисалда буго: «Дица нужее гьукъун букIана хабалазде зиярат гьаби, гьанже нужеца хабалазде зиярат гьабе, гьелъ нужеда ахират ракIалде щвезабула», - ян.

ЧIужугIаданалъул сабру загIипаб букIиналдалъун, Аварагасул ﷺ хабаде хутIун зиярат гьабизе лъикIаб гуреблъун бихьизабун буго гьезие. Ибну РуфгIатица абуна: «Аварагасул ﷺ хабаде зиярат гьабизе суннатаб бугилан абураб рагIиялда нахъйилъун, гIалимзабазул, вализабазул хабадеги зиярат гьабизе бегьунгутIи букIинарин чIужугIаданалъе», - ян.

Хабалазда гIоди, магIаби гьари гIадал шаргIалда рекъечIел ишал лъугьунел ругони, гьеб мехалъ хIарамаблъун буго. Сабруялда чIезе кIолеб бугони, чIужугIаданалъе хабаде зиярат гьабизе бегьулинги буго.

**(«Иршадул гIавам», гьум. 476)**

## Аварагасул ﷺ кинал мугIжизатал рукIарал аварагльи кьезегIан цебе?

Аваргльи кьун хадуб мугIжизатал рукIарал гIадин, аваргльи кьезегIан цереги мугIжизатал рукIана. ХIалиматица жидехъего хьихизе вачиндал гьезул хьизаналда гIажаибаб баракат лъуна. Гьезул хIайванал, цогидазулазде дандеккун, рокьоре гIорцIун рачIунаан ва гIемераб рахьги кьолаан. Сверухъ ракъдаллъи бугеб мехалъ, гьезул рукъ гIурччинлъиялъ сверун ккун букIунаан. Гьеб буго гьезие Авараг ﷺ сабаблъиялдалъун щвараб жо. Бану сагIадат абураб бакI букIана кидаго ракъдаллъи бугеб. РачIун малаикзабаз гьесул ракI ссула, чурула ва бацIцIадги гьабула. РагIад досие гьабун гьесда цадахъ кидаго накIкI хьвадулеб букIана. Аварагасда ﷺ рагIулаан аваргльи кьезегIанго жиндие салат-салам битIулел ганчIал ва гьутIби. Аваргльи кьезегIан цере рукIарал мугIжизатазда абула «Иргьасаталилан».

**(«Ар-Рахикул-махтум», гьум. 88)**

## Бералги кьанщун как базе гьукъараб бугищ?

Какилъ берал кьанщизе карагьатаб гьечIо. Имам Нававияс «Равзаталда» абуна, тIаса бищараб рагIиялда бан, карагьатаб гьечIин. Амма зарал жиндие ва цогидасе ккелин хIинкъун ватани, карагьатаб буго. Ибну Дакъикьица абуна: «Рекъараб буго берал кьанщи хIарамаб гьабизе, цо-цо бакIазда (зарал ва цогидаб жо ккелин хIинкъун ватани)». Ибну ГIабдусаламица фатва кьуна какилъ хушугI бачIунеб гьечIони яги ракIелъ хIузур бачIунеб гьечIони берал кьанщи лъикIаб бугин рагьун теялдаса, гьедин хушугI бачIунеб бугони.

**(«Мугьни ал-МухIтаж», 1 бутIа, гьум. 493)**

**(«Итмаму диярати ликъурраи нукъаяти», гьум. 67)**



# РагIикъотI

**ГIебеде**: 2. КагIба биххизабизе боги бачун вачIарав. 4. Радакь рахъин. 6. Хаган ккей, вас-васди. 9. Аварагасул ﷺ хIамида цIар. 10. Гьабуни мунагь кколеб. 14. ТIоцебе рещтIараб сура. 16. Чиясда нахъасан кIалъай. 17. Аварагас ﷺ кутузул эменилан тIокIцIар кьурав. 19. Сурабазул цояб. 22. Аллагьасе ﷻ рецц гьабиялъул калима. 23. Гуч. 25. КIал бичай. 26. Какил кири жиндалъун цIикIкIунеб къагIида.

**ГIодобе**: 1. Аварагасе ﷻ жиндир кинабго боцIи-мал кьурав. 3. Рохалил къоялъ саламалдалъун кIалъай. 5. ЛъикIаб гIамал бухIулеб. 7. Къуръаналда рехсарал аварагзабазул цояв. 8. Аюб аварагасе Аллагьас ﷻ кьураб гIамалалъул бищун лъикIаб. 11. Давуд аварагасде рещтIараб. 12. Аллагьас ﷻ къурбаналъе хъвеян абурав. 13. СалихI аварагасул къавм. 15. Къол шуябго как бай. 18. Сабруялда чIей. 20. ТIомалде тIаде балеб унтабазул цояб. 21. Муса аварагасул эмен. 24. Боголида хадуб балеб суннат.

ГIУЦIАНА
МУХIАММАДГIАРИФ КЪУРБАНОВАС



**Цебесеб рагIикъотIалъе жавабал:**
ГIебеде: 3. ГIакъикъ. 6. Шубгьа. 7. Хизри. 8. СалихI. 11. Ишкал. 14. ГIакълу. 15. ИчIго. 17. Гьавазин. 18. Малаикзаби. 20. Маймунат. 21. ГIайбат.
ГIодобе: 1. Билкъис. 2. Гьудуласдасан. 3. ГIакъидат. 4. ТIагьир. 5. Малик. 9. Алиф. 10. Ибрагьим. 12. ИхIсан. 13. Михзам. 16. Зайнаб. 19. Байрам.

КЪИСА

## Исламалде вачIиналъе сабаб

Авараг ﷺ Мадинаялда щведал, гьесухъе вачIуна ГIабдуЛлагь ибн Салам, суалал кьезе. Гьесул авараглъиялъул ритIухълъи лъазе букIине. Гьес Аварагасда ﷺ абула: «Я, МухIаммад, дица Дуда гьикъила лъабго жо, гьебги лъаларо аварагасда гурони. Дуца гьезие жаваб кьуни дица Дуда иман лъела», - ян.

ШАМИЛ МУХIАММАДОВ,
БУЙНАКСК РАЙОН, ХIАБЩИБ РОСУ



ТIоцебе гьикъула къиямасеб къоялъул тIоцебесеб гIаламат щиб кколеб? КIиабилеб суал, алжаналъул агьлуялъ тIоцебе кваналеб квен щиб? Лъабабилеб суал, кинаб лъедалъун релълъараб лъугьунеб лъимер инсуда яги эбелалда?» Аварагас ﷺ гьесда абула: «Гьезие жавабал Дида ЖабрагIил малаикас бицана». ГIабдуЛлагь бин Саламица абула: «Дов ягьудиязе малаикзабаздасан тушман ккола. Ягьудиязе гьев рихарав вуго, щайгурелъул, гьес гьезда тIад ТIуралъул мегIер борхун чIезабун букIуна». Хадуб Аварагас ﷺ гьезие мухIканал жавабал кьола. Къиямасеб къоялъул тIоцебесеб гIаламат ккола цIа бакки. Гьелъ цере къотIизе руго машрикъалда ругел гIадамал магърибалдехун. ГIадамал гьелдаса хIинкъун магърибалдехун лъутизе руго. Гьеб кутакаб цIа букIуна ва рахъ-рахъалде тIибитIулебги букIуна. Алжаналъул агьлуялъе тIоцебе кьолеб квен ккола киталъул тIул. Гьеб букIуна гьанададаги лазатаб. Гьоболасе чулпа кьолеб гIадин гьезие гьеб кьола. Хадуб гьезухъе малаикзаби рачIуна батIи-батIияб квен ва гьекъолел жал росун. Лъабабилеб ккола бихьинчиясул лъим цIикIкIиндал чIужугIаданалъул лъедасан бихьинав вас гьавула, ай инсуда релълъарав, Аллагьасул изнуялдалъун. ЧIужугIаданалъул лъим бихьинчиясулалдаса цIикIкIиндал яс гьаюла, эбелалда релълъарай. Хадуб ГIабдуЛлагь ибну Саламица абула: «Дица нугIлъи гьабула цохIо жиндие лагълъи гьавизе Аллагь гурони гьечIин ва жеги нугIлъи гьабула Мун Аллагьасул ﷺ илчи-чапар вукIиналда».

ЛЪАЗАБИ

## «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIехьалда тIасан къец

*ДРялъул муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIехьалда тIасан МахIачхъалаялда тIобитIулеб буго къец. Гьелда гIахьаллъи гьабизе бегьула МахIачхъалаялда гIумру гьабун вугев бокьарав чияс ва гьединго Россиялъул регионаздаса рачIаразги.*




